ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№9 (24.759) ● 2025 гъэм щІышылэм (январым) и 24, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Къалащхьэм и зекІуапІэ шынагъуэншэхэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зригъэлъэгъуащ мы зэманым Налшык къалэм и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм щекІуэкІ гъуэгу зэгъэпэщыжыныгъэхэр здынагъэсар. Сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщ ящІ Каменскэм, КІыщокъуэм, Нэгумэм, Щорсым я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэр. Псори зэхэту абыхэм я кІыхьагъщ километри 8,5-рэ.

КАМЕНСКЭ уэрамым кхъахэ хъуа инженер коммуникацэхэр щызэрахъуэкІ, канализацэщІэхэр щагъэув. Мазае мазэм гъуэгум телъадэ псыхэр зэрыкІуэну жапІэхэр хьэзыр ящІыну я мурадщ. А псом къадэкІуэу гъуэгу гъунэхэр бордюрхэмкІэ ягъэбыдэ.

Нэгумэм и уэрамым псы зэрыкІуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкІ, абы иужькІэ гъуэгу лэжьыгъэхэм иужь ихьэнущ - асфальт тралъхьэнущ, лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, уэздыгъэхэр фІадзэнущ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ КІыщокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамми. Щорсым и цІэр зезыхьэ уэрамми канализацэхэмрэ псы зэрыкІуэ бжьамийхэмрэ щызэрахъуэкІынущ.

Гъуэгу шынагъуэншагъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ а щІыпІэхэм къэувыІэпІэхэр, гъуэгу дамыгъэхэр, лъэс зэпрыкІыпІэхэр, светофорхэр къыщагъэщІэрэщІэжынущ.

● Дызэкъуэту

Дзэ Іуэху хэхам хэтхэр япэ ирагъэщ

Бахъсэн къалэм и администрацэм и унафэщІ Мамхэгъ Хьэчим хуэзащ ди лъэпкъэгъу, дзэ Іуэху хэхам хэт НатІэ Ислъам. ЗэІущІэм кърихьэлІащ щІыпІэ спорткомитетым и унафэщІ Къаскъул Аслъэн, Дыгулыбгъуей къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Ахъий Ахьмэд, къалэ администрацэм хабзэхъумэ ІэнатІэхэмрэ дзэ къулыкъу ІуэхухэмкІэ и управленэм и унафэщІ ХъуэкІуэн Заур сымэ.

МАМХЭГЪ Хьэчим тепсэлъыхьащ дронхэр къызэрыраудых Іэщэ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм къахуэщэхунымрэ ди сэлэтхэм ахэр зэрыхурагъэшэну щІыкІэмрэ.

«Лицензэм и Іуэхур зэфІэкІащ. Мыгувэу Іэщэр къэтщэхунущ, тыкуэным дыгурыІуакІэщ, занщІэуи ди щІалэхэм ар яІэрыдгъэхьэнущ», - жриІащ абы НатІэм.

ЗэІущІэм иужькІэ махуэ зыбжанэ фІэкІа дэмыкІауэ, Мамхэгъ Хьэчим и телеграмканалым щитхащ зи гугъу ищІа дронхэр къызэращэхуар икІи СВО-м ирагъэшэну зэрыхьэзырыр.

«ЯпэІуэкІи зэрыжысІащи, дзэ Іуэху хэхам хэт ди щІалэхэм дадэІэпыкъуныр зэпыдгъэуркъым. Дронхэр къызэрыраудых Іэщэу 5 иджыблагъэ къытхуашащ. Зэман кІэщІым къриубыдэу ахэр ди лІыхъужьхэм яІэрыдгъэхьэнущ. СВО-м щыІэхэм защІэдгъэкъуэн папщІэ тлъэкІ къэдгъэнэнукъым. ФІыщІэ ин яхудощІ лІыгъэ, хахуагъэ къэзыгъэлъагъуэ ди зауэлІхэм. Абыхэми я унагъуэхэми дадоІэпыкъу. Бийр зэхэткъутэнущ. ТекІуэныгъэр къэзыхьынур дэращ», - итщ Мамхэгъым и телеграмм-каналым.

Дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзауэ щІыналъэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщІым и нэІэ щІигъэт зэпытщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэгъусэу загъэпсэху

Шэрэдж щІыналъэм хыхьэ Джэрпэджэж къуажэм иІэ гуэлым и Іуфэм иджыблагъэ Іуэху дахэ щрагъэкІуэкІащ, бдзэжьей ещэу загъэпсэхун жэрдэм къыхалъхьэри. Абы кърагъэблэгъащ дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэмрэ бийм пэщІэту СВО-м нобэ щыІэхэм я унагъуэхэмрэ. Апхуэдэуи абы кърихьэлІащ «ЛІыхъужьхэм я щІэблэ» пэхуэщІэм хэтхэри.

УНАГЪУЭХЭМ я щІымахуэ бдзэжьеящэр зэхашащ «Хэкум и хъумакІуэм и илъэсым» ипкъ иткІэ. Ар къызэзыгъэпэщар Джэрпэджэж къуажэм и адмнистрацэрщ, Шэрэдж щІыналъэ администрацэм и дэІэпыкъуныгъэ хэлъу. Іуэхум хэлІыфІыхьахэщ волонтёрхэр, бдзэжьей ещэным дихьэххэр, къуажэдэсхэр.

Махуэм къриубыдэу хьэщІэхэмрэ бдзэжьеящэхэмрэ лъэпкъ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуагъэхьэзыращ, гуэлым къыщаубыда бдзэжьейхэм щыщи дэпкІэ абдежым щахуагъэжьащ. Хьэуа къабзэмрэ ерыскъы берычэтымрэ дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ къаритауэ псори зэбгрыкІыжащ. Зэхуэсым псом хуэмыдэу щыгуфІыкІар дзэ Іуэху хэхам хэтхэм я сабийхэрщ.

Абдежым щызэгурыІуащ, хабзэ яхуэхъуу, Джэрпэджэж и гуэл Іуфэм илъэс къэс щызэІущІэну, бдзэжьей щызэдещэну, зыщагъэпсэхуну.

БЭВЫКЪУЭ Алыдж.

ЩІыналъэ блыщІым щІигъум

Россельхознадзорым и къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыІэ управленэм къызэритамкІэ, 2024 гъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым и щІыналъэхэм ящыщу 70-м щІигъум нартыху жылапхъэ яхуригъэшащ.

РОССЕЛЬХОЗНАДЗОРЫМ и лэжьакІуэхэм я нэІэ щІэту нартыху жылапхъэу тонн мини 10-м нэблагъэ нэгъабэ республикэм ирашащ. Абы ипэ ита илъэсым яхузэфІэкІам нэхърэ процент 15-кІэ нэхъыбэщ ар. ЩІыналъэ 70-м щІигъум щыщу нартыху жылапхъэм я нэхъыбэр Тэтэрстаным, Смоленск областым, Чувашием ящэхуащ.

ИрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, КъБР-м и нартыху жылапхъэхэр УФ-м и фитосанитар мардэхэм къотІасэ икІи фІагъ лъагэхэр яІэщ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

Къэралым щыеплІанэщ

Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм экологие и лъэныкъуэкІэ я щытыкІэхэр зыхуэдэм ехьэлІауэ «Плъыр удзыфэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм 2024 гъэм и бжьыхьэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къарикІуахэр иджыблагъэ сэтей къищІащ.

ЛЪЭПКЪ экологие рейтингым къыщыхэщыр экологие и лъэныкъуэкІэ мазищ къэс щІыналъэхэм щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм къарикІуахэрщ. Къэпщытэныгъэхэр 2007 гъэм ирагъэжьащ, ауэ абыхэм къарикІуахэр газетхэм къытрадзэн щыщІадзэр зы илъэс дэкІа нэужьщ.

2024 гъэм и бжьыхьэ мазищым къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр экологие щытыкІэ и лъэныкъуэкІэ къэралым и щІыналъэ нэхъыфІитхум яхыхьащ икІи «Лъэпкъ экологие рейтингым» еплІанэ увыпІэр щиубыдащ. Абы нэмыщІ, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм хэпщІыкІыу ефІэкІыу экологиемкІэ КИФЩІ-м япэ увыпІэр щиІыгъщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ экологие рейтингым и зэфІэкІхэр щигъэбыдэ зэпытщ. Псалъэм къыдэкІуэу, 2023 гъэм гъэмахуэм ди щІыналъэм 18-нэ увыпІэр иІыгъащ, бжьыхьэм - 16-нэр, щІымахуэм - 5-нэ хъуащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, лъэпкъ экологие рейтингыр щызэхагъэувэкІэ абыхэм къалъытэ УФ-м и щІыналъэхэм я индексищ. Ахэр - дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсыр хъумэныр, социально-экологие Іуэхугъуэхэр, промышленно-экологие щытыкІэхэр. Псалъэм папщІэ, дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсыр хъумэным хохьэ псыр, хьэуар, щІыр, хэхауэ я нэІэ зытет щІыпІэхэр, дунейм и щытыкІэр, псэущхьэрэ къэкІыгъэ лІэужьыгъуэу щІыналъэм щыІэмрэ абыхэм я куэдагъымрэ. Абыхэм ятеухуа хъыбархэр къэпщытакІуэхэм къаІэрохьэ щІыналъэхэм я министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зэбграгъэххэмкІэ, интернетым щатххэмкІэ, цІыхухэм яхэупщІыхьурэ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Налшык и хьэщІэхэм налог ятынущ дяпэкІэ

2025 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ Налшык къалэм турист налог щыхахынущ, абы къыпэкІуа ахъшэр республикэм и къалащхьэр зэІузэпэщ щІыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэнущ.

«ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм Налшык къакІуэ туристхэм я бжыгъэм фІыуэ къыхэхъуащ. Абы къыдэкІуэу, къалэ инфраструктурэм ар къытехьэлъэ хъуащ. Турист налогым къыхэкІыу щІыпІэ бюджетым къэкІуэну ахъшэмкІэ къалэ жыг хадэхэр, цІыхухэр куэду щызэхуэс щІыпІэхэр зыхуей хуэдгъэзэнущ, щІэхэри къызэІутхынущ. Ди къалэм и турист инфраструктурэм зегъэужьыным ар сэбэпышхуэ къызэрыхуэхъунум шэч хэлъкъым», - жиІащ Налшык къалэм и администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймураз.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэтеувыІэ туристым нэхъ мащІэ дыдэу налогыу соми 100 итынущ, илъэс къэси абы хэхъуэурэ кІуэнущ икІи 2029 гъэм ирихьэлІэу налогу ят хабзэм и проценти 5-м нэсынущ. Налог ахъшэр хьэщІэщыпщІэм хагъэхьэнущ.

Унафэм къыщыгъэлъэгъуащ зыхудачыхыну цІыху щхьэхуэхэри зэрыщыІэр. Псалъэм папщІэ, апхуэдэ налогхэр ятынукъым Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я ЛІыхъужьхэм, Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэ хъуахэмрэ, зауэ зэпэщІэувэныгъэхэм, дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я ветеранхэмрэ, ныкъуэдыкъуагъэкІэ 1-нэ, 2-нэ гупхэм хыхьэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Белгород, Курск, Херсон, Запорожье областхэм, Донецк, Луганск республикэхэм щыпсэухэм, унагъуэшхуэхэм, зи ныбжьыр илъэс 14 иримыкъуахэм, дунейм къыщыхъу къызэрымыкІуэ къэхъукъащІэхэм фэбжь хэзыхахэм, медицинэ страхованэкІэ зызыгъэхъужыну республикэм къакІуэхэм.

Налшык къалэ администрацэм къызэритамкІэ, цІыхухэр къыщызэтеувыІэн, ахэр зыщІагъэтІысхьэн ухуэныгъэу 35-рэ иджыпсту щыІэщ. Ди республикэм и къалащхьэр 2024 гъэм къалъытащ къэрал мыхьэнэ зиІэ курорт къалэу. Псалъэм къыдэкІуэу, бальнеологие курортым псы хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр куэду щыІэщ, узыфэ хэхахэр зыпкърытхэр гъэхъужынымыкІэ сэбэпу. Дызэрыт илъэсым зэрыщІидзэри Налшык къалэм зыщагъэпсэхуну, я узыншагъэм щыкІэлъагъэплъыну ди деж къэкІуащ къэралым и щІыналъэ куэдым къикІа цІыху мин 50-м щІигъу. Нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыхьэщІащ цІыху мини 140-м щІигъу.

Псори зэхэту къэбгъэлъагъуэмэ, 2024 гъэм ди республикэм щыІащ туристу мелуан 1-рэ мин 785-рэ икІи абы ипэ ита илъэсым щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процент 16,4-кІэ ар нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэтеувыІащ турист мелуан 1-рэ мини 172-рэ. Шэрэдж, Шэджэм, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм псоми зэхэту цІыху МИН 450-м щІигъум зыщагъэпсэхуащ, я нэгу зыщрагъэужьащ.

Республикэм къакІуэ туристхэм я бжыгъэм зэпымыууэ зэрыхэхъуэр зи фІыгъэхэм ящыщщ ахэр къыщызэтеувыІэн щІыпІэхэр, зыщІагъэтІысхьэн хьэщІэщхэр нэхъыбэ, псэупІэхэри нэхъ зэІузэпэщ зэрыхъум. Псалъэм папщІэ, нобэкІэ цІыху мин 19-м зэуэ щхьэегъэзыпІэ ди деж щагъуэтыфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ипэкІэ жиІауэ щытащ 2030 гъэм ирихьэлІэу илъэсым къриубыдэу ди деж къакІуэ туристхэм я бжыгъэр мелуани 2,5-м нагъэсын мурадхэр зэрыщыІэр. Абы къыдэкІуэу, илъэситху пІалъэм хуэзэу, республикэм и туризм Іэнатіэм КъБР-м и щІыналъэ валовэ продуктым игъакІуэм проценти 8-кІэ хагъэхъуэну.

ТАМ Заур.

Республикэм щІыгъэпшэрхэр кърашалІэ

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм жыджэру зыхуагъэхьэзыр икІи, жылапхъэхэм къадэкІуэу, щІыгъэпшэрхэр куэду мы махуэхэм кърашалІэ, къитащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм.

ГЪАТХАСЭР ныкъусаныгъэншэу щІыналъэм щызэфІагъэкІын папщІэ, щІыгъэпшэру тонн 47,5-рэ мы гъэм дыхуэныкъуэнущ, ар нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ нэхъыбэщ. Къыхэдгъэщынщи, щІыгъэпшэру щІым халъхьэм и куэдагъымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр адрей щІыналъэхэм фІыуэ йофІэкІ икІи къэралым щынэхъыфІхэм хохьэ. Псалъэм папщІэ, илъэс блэкІам къриубыдэу республикэм абыкІэ къыпэщылъа къалэнхэр къанэ щымыІэу игъэзэщІащ, щІыгъэпшэрхэри ирикъуу къришэлІащ. Мы гъэми гугъэ щыІэщ Іуэхур мынэхъыкІэну.

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм зэрыжаІэмкІэ, щІыгъэпшэрыр ирикъуу щІым хыумылъхьэу щытмэ, гъавэр бэв хъунукъым, абы къыхэкІыуи, а Іуэхум жыджэру мы гъэми пэрыхьащ.

НАУРЫЗОКЪУЭ Ислъам.

СыткІи къызыхуэтыншэу

● Хъыбар гуапэ

Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ Балъкъыз Артур иджыблагъэ щыІащ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм дэт сабий садым икІи щыгъуазэ зищІащ ар зэрызэрагъэпэщыжа щІыкІэм. Администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм къызэритымкІэ, арэзы узытехъуэн хуэдэщ абы щалъэгъуахэр.

1977 гъэм яухуа унэр хуэныкъуэт апхуэдэ къэщІэрэщІэжыныгъэхэм. МазихкІэ екІуэкІа лэжьыгъэхэм къриубыдащ коммунальнэ инфраструктурэр, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэм къыщегъэжьауэ къызэрагъэхуабэ бжьамийхэри хыхьэу, зэрыщыту зэхъуэкІыныр, апхуэдэуи пэш кІуэцІхэр щІэрыщІэу къращІыкІыжащ, бжэ-щхьэгъубжэщІэхэр хагъэуващ, зытхьэщІыпІэ-зыгъэкъэбзапІэхэр щыІэ мардэхэм къитІасэ хъуащ. Унэ щІыбри, хуабэр иІыгъын хуэдэу, къращІыкІащ, и теплъэми егугъуащи, ІуплъэгъуафІэщ.

ЗэхъуэкІыныгъэшхуэхэр игъуэтащ садым къедза щІыпІэми. Зэгуэчауэ илъа асфальтым и пІэкІэ пщІантІэм иралъхьащ плиткІэ екІу. Аращи, дахэ зэрыхъуам къыдэкІуэу, сабийхэр шынагъуэншэу абы щоджэгу.

Мы зэманым ирихьэлІэу къэнар Іуэху нэхъ цІыкІуфэкІухэр и кІэм нэгъэсыжынырщ, ауэ ахэр садым и лэжьыгъэм зыкІи зэран хуэхъуркъым. Мыгувэу щхьэгъубжэхэм Іупхъуэ дахэхэр фІадзэнущ, блынхэр ягъэщІэрэщІэнущ хъыбарегъащІэ, теплъэгъуэ щхъуэкІэплыкІэхэмкІэ. А псоми сабий садым и унэр нэхъри дахэ ищІынущ, цІыкІухэм я гукъыдэжыр къиІэтынущ.

«КъБР-м зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм ядэлэжьэн и Іэнатіэр егъэфІэкІуэн» щІыналъэ проектым и фІыгъэкІэ сабии 120-м иджы щадолажьэ къагъэщІэрэщІэжа, шынагъуэншэ икІи екІу хъуа унэм.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кІэпІейкІи 4-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кІэпІейкІэ 36-рэ.

Ди индексыр П5894

УнэтІыныгъэм нэрылъагъуу зеужь

● Промышленность

Къэбэрдей-Балъкъэрым ПромышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, республикэм и промышленнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэхэр дэІыгъыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр 2025 гъэми ирагъэкІуэкІынущ.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэсыпіэ фондым сом мелуан 56-рэ субсидиеу хухахынущ, адэкІэ хьэрычэтыщІэхэм процент нэхъ цІыкІукІэ щІыхуэу ар яритын хуэдэу. Абы хигъэхъуэнущ фондым и мылъкум икІи ар сом мелуан 216-м нэсынущ, къэрал субсидием и фІыгъэкІэ.

Абы нэмыщІ, оборудованэщІэхэр къэзыщэхуахэм папщІэ къызэрыхах зэхьэзэхуэ ирагъэкІуэкІынущ, трагъэкІуэда ахъшэм пэкІуэу сом мелуани 10 субсидиеу иратыжын хуэдэу.

УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм илъэс къэс иригъэкІуэкІ зэхьэзэхуэм ди министерствэр жыджэру хэтщ икІи мы гъэм къихьащ субсидиеу сом мелуан 61-рэ, щІыпІэ бюджетым щыщу абы сом мелуан І5 хэлъщ.

Финанс дэІэпыкъуныгъэм хыхьэу министерствэм и мурадщ инвестицэ пэхуэщІэхэм ипэм къыщыщІэдзауэ икІэм нэсыху защІигъэкъуэну (щІыпІэ нэщІым къыщегъэжьауэ абы ухуэныгъэхэр щызэфІагъэувэху). Апхуэдэуи гугъэ щыІэщ, инвесторхэр къыхашэу, щІыналъэм уней индустриальнэ парк къыщызэІуахыну, и пэщІэдзэми абы мылъкушхуэ текІуэдэнущ. Іуэхум теухуауэ УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэхэр сэбэп къазэрыхуэхъуфынухэр зэхагъэкІ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Курп лъагапIэхэм

Кавказым папщIэ екIуэкIа зауэ гуащIэм ТекIуэныгъэр дыдейхэм къызэрыщахьам и тхыдэр лъэпкъым, цIыхубэм я гум зэи имыхун Iуэхугъуэщ.

КУРП лъагапIэхэр зымыцIыху щыIэкъым. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм мы щIыпIэм зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIауэ щытащ, зэрыпхъуакIуэхэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыдагъэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыIэщIаубыдэн мурадыр яIэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэщIагъэуIуа 317-нэ фочауэ гупым 1942 гъэм махуи 100-м нэблагъэкIэ щIыпIэр яхъумащ. Курп гъунапкъэхэм бийм и къару нэхъыщхьэмрэ техникэшхуэрэ иришэлIат. Курп Ипщэ, Курп Ищхъэрэ къуажэхэр къызэбнэкIмэ, Осетие Ищхъэрэмрэ Ингуш Республикэмрэ ящIхэм къыщIедзэ. А щIыпIэр зэрыщыту лъыпскIэ ягъэнщIат жыпIэми ущыуэнукъым. ЗэрыпхъуакIуэхэр къызэтрагъэувыIат, совет зауэлI мин 17-м я узыншагъэ е я гъащIэ халъхьауэ. Зыри и псэ еблэжакъым, Мэлгъэбэг, Грознэ, Баку я щIыщIагъ фIыгъуэхэм лъэбгъэIэс зэрымыхъунур къагурыIуэу.

Къызэрыхэдгъэщащи, Курп лъагапIэхэм щекIуэкIа зэхэуэр зауэм и напэкIуэцI нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ящыщщ. Къуажэм пэгъунэгъу мэзым къыщыщIэдзауэ Мэздэгу къалэм нэс къиубыду щытащ зэуапIэм - километри 4 и бгъуагъыу, 22-рэ и кIыхьагъыу. Сатырищу зыр адрейм и щIыбагъ къыдэту ягъэува ди дзэхэр полки 4-рэ дивизэу 6-рэ хъурт. Ар нэмыцэхэм къуэкIыпIэмкIэ я иужьрей кIуэгъуэт - цIыху мин 20-м щIигъу яфIэкIуэдат. 1943 гъэм и щIышылэм советыдзэр нэхъ тегушхуауэ бийм ебгъэрыкIуэри, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэр зэрыщыту щхьэхуит къащIыжауэ щытащ.

Курп лъагапIэхэм тет фэеплъыр Тэрч районым нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэхэм ящыщщ икIи щэнхабзэ щIэинхэм хабжэ. Ар ягъэуващ ТекIуэныгъэ Иныр къызэрытхьрэ илъэс 30 щрикъум ирихьэлIэу. Абдеж тетщ тонн 30 хуэдиз хъу танкри. ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIауэ, 2023 гъэм япэу фэеплъым лэжьыгъэшхуэ иращIылIащ. Нэхъ и пэкIэ щIыпIэ бюджетым и ахъшэкIи абы елэжьат, ауэ апхуэдэу зыхуей хуэзэу хъуатэкъым. Мы Iуэхум сом мелуан 15 хухахащ «Хэкур яхъумэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр уахътыншэ щIыным и Iуэхук Iэ 2019 - 2024 гъэхэм зэфIэгъэкIыпхъэ» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ.

Хэку зауэшхуэм хэта танкыр щIым сантиметр 20-м нэблагъэкIэ хэщэтат, иджы лъабжьэ быдэ иIэу ар ягъэуващ. Стелэр зыхуей хуагъэзащ, фэеплъыр здэщыт щIыпIэм зрагъэубгъуащ. КъищынэмыщIауэ, зи щхьэр хъурейуэ къищIыкIа, пкъохэр зыщIэт щIэкIыпIэ екIу яухуащ. ЩIыпIэм деж иджы тIысыпIэ тынши иIэщ, фэеплъыр къэхухьащ. КъыхэгъэщыпхъэщI, илъэс 82-рэ дэкIауэ ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым, Хэку зауэшхуэм и зэманым къыщIэна топышэм и Iэмэпсымэхэр къызэрыщIахыжар. Ар зэхэуэ гуащIэхэр зэрекIуэкIам и щыхьэтт. Шэч зыхэмылъраши, фэеплъыр лIыгъэ зезыхьэу хэкIуэдахэм яхуэфащэу щытын хуейщ.

Курп лъагапIэхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд къыщызэрагъэпэщ махуэшхуэхэм ирихьэлIэу. Псалъэм папщIэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Урысейм и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыIэм, Урысейм и ЛъыхъуакIуэ, Географие зэгухьэныгъэхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ ягъэзащIэ «ТекIуэныгъэм и лъагъуэхэмкIэ» Iуэхур. Абы хыхьэу щIалэгъуалэр щагъэгъуазэ Кавказым папщIэ 1942-1943 гъэхэм екIуэкIа зэпэщIэтыныгъэ нэхъ гуузхэм ящыщым, зыщрагъэплъыхь Курп лъагапIэхэм.

Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм, Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм, «ЦIыхубэм и фэеплъ» лъыхъуакIуэ гупым щIэблэм ирагъэцIыху фэеплъхэр, къуэшыкхъэхэр, школ музейхэм яшэ. Апхуэдэу нэгъабэ щIалэгъуалэ гуп щыIащ Дей къуажэм Совет Союзым и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ Къанкъуэщ Ахьмэтхъан и цIэр зэрихьэу дэт курыт школым. НыбжьыщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ еджапIэм Дзэ щIыхьым, совет политикэ лэжьакIуэ, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ я цIэкIэ щыIэ пэшхэм.

Курп Ипщэ къуажэм дэт еджапIэм и пщIантIэм дэт фэеплъым тетхащ зауэм хэтахэм я цIэ-унэцIэхэр. Апхуэдэуи мы школым и музейр республикэм щынэхъыфIхэм ящыщщ, Хэку зауэшхуэм и хьэпшып 2500-м щIигъу щIэлъу. Музейр зауэм хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм япыщIащ, къуажэм щыщу хэкIуэдахэм ятеухуа блынхэр яIэщ.

Ищхьэк Iэ зи гугъу тщIа программэм хыхьэу, Тэрч щIыналъэм нэгъуэщI тхыдэ щIыпIитIи иджыблагъэ зыхуей щыхуагъэзащ - Курп Ипщэ, Плановскэ къуажэхэм дэт фэеплъхэмрэ къуэшыкхъэхэмрэ.

Шэч хэмылъу, мыпхуэдэ зекIуэхэмрэ Iуэхухэмрэ нобэрей щIэблэр хэгъэтын хуейщ, ди тхыдэр хъума хъуну дыхуеймэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



● Ухуэныгъэ

Тэрчым и гъуэгухэр къагъэщIэрэщIэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм ГъуэгухэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэр иджыблагъэ щыIащ Тэрч щIыналъэ администрацэм икIи щытепсэлъыхьащ дызыхыхьа илъэсым районым щрагъэкIуэкIыну къапэщылъ Iуэхухэм, гъуэгум щызекIуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ щIапхъэхэм, 2026 - 2027 гъэхэм зрагъэхъулIэн хуей къалэнхэм, нэгъуэщIхэми.

РЕСПУБЛИКЭМ и щIыналъэхэм ящыщу гъуэгу лэжьыгъэу нэхъыбэ 2025 гъэм къызыпэщылъхэм Тэрчыр япэ итщ, щIыпIих къыщыгъэщIэрэщIэжын хуейуэ. Псалъэм къыдэкIуэу, Дей къуажэм ЩауэцIыкIум и цIэр зезыхьэ и уэрамыр зыхуей хуагъэзэн нэгъабэ щIадзауэ иджыри абы йолэжь.

«ЦIыхухэм я тыншыпIэр къызэзыгъэпэщ инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэщIэм ипкъ иткIэ Деймрэ Курп Ищхъэрэмрэ зэпызыщIэ, адэкIэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм нэс кIуэ автомобиль гъуэгур мы гъэм къагъэщIэрэщIэжынущ. Абы нэмыщI, Курп Ищхъэрэм и Тэрч, Мир уэрамхэр зэIузэпэщ ящIынущ. Лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну гъуэгухэм псори зэхэту километр 14-м щIигъу я кIыхьагъщ.

Апхуэдэуи мы гъэм щыIэ мардэм кърагъэтIэсэжынущ щIыналъэм и Тэрчыпсым телъ лъэмыжитI. Зыр Май къалэмрэ Урожайнэ къуажэмрэ яку дэлъ автомобиль гъуэгум хуозэ, метри 162-рэ и кIыхьагъыу, адрейр Прохладнэ къалэмрэ Елхъуэтрэ зэпызыщIэрщ. Мыбдеж щыIэ лъэмыжым метри 180-рэ и кIыхьагъщ.

Тэрч къалэ кIуэцIIми гъуэгу лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ. Абы хэтщ курыт еджапIэм хуэкIуэ Къэбэрдей уэрамыр.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм хохьэ гъуэгубгъухэр иджырей уэздыгъэхэмкIэ къызэщIэгъэблэным, щыIэхэм дыщIагъуу иджырей машинэ къэувыIэпIэщIэхэр гъэувыным телэжьэнри.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Пасэу лIыпIэ иуват

«Зи фочышэр блэкIам тезыунащIэм къэкIуэнур топышэкIэ къыхэуэжынущ», жиIэгъащ усакIуэ цIэрыIуэ Гамзатов Расул. Зи тхыдэр къызыфIэмыIуэхум, зи анэдэлъхубзэрэ зи лъэпкъ щэнхабзэрэ пщIэ хуэзымыщIыжым гъащIэ зэримыIэр, ар махуэкъэс пщэрылъу къэзымыщтэр щыIэныгъэм хэкIуэдыжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр псалъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ къиIуэтэфат усакIуэшхуэм. Арыххэуи, блэкIар щысэ техыпIэ зымыщIым пщэдейрей махуэхэр къыхуэфIынкIэ зы Iэмал иIэкъым. Хэку зауэшхуэр пщыгъупщэ мыхъуну тхыдэ къэхъугъэхэм ящыщщ. Ар зылъэмыIэса, Iэ щIыIэкIэ зыхэмыIэба унагъуэ щыIэжкъым. Абы и джэрпэджэжыр нобэми мыужьыхауэ мэIу, нобэрей гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэ куэдми я джакIуэ мэхъу.

ХЭКУ зауэшхуэм и иужьрей фочышэр зэрырагъэкIрэ илъэс 80-м нызэрыхьэсами, абы и фий макъыр фызабэ ищIахэмрэ зеиншэу къигъэнахэмрэ нобэми зэхах. Быным и хъыбар кIапэ къэIуным пэплъэу хьэдрыхэ кIуэжа адэ-анэхэр къыпхуэмылъытэну куэд дыдэ мэхъу. БлэкIащ, зэфIэкIащ, увыIащ, жытIэми, иужьрей увыIэпIэр зымыгъуэтыжахэм гур ящIоуз, я хьэдэ къупщэ къагъуэтыжауэ и щIы кIапэр зрагъэгъуэтыж гуэрым и хъыбар къэIуамэ, щхъуэфэцым зресэ.

Къэрал унафэкIэ 2025 гъэр «Хэкум и ХъумакIуэм и илъэсу» ягъэуващ. Абы къитIасэу щIыпIэхэм щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэм тхыдэ щIэжыр къэIэтыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм къару щаIэну дыщогугъ. А лэжьыгъэм щыщщ Хэку зауэшхуэм хэтауэ къэзыгъэзэжахэми, зи щхьэр а мафIэсым хэзылъхьахэми, щхьэгъусэм пэплъэу лэгъунэм щIэса фызабэ нысащIэхэми, ТекIуэныгъэм телажьэу IэнатIэм пэрытахэри гъэлъэпIэныр, я цIэр къыдэхыжыныр.

Зауэм къикIыжу зи унэ къэзыгъэзэжа щIалэхэм я гум дыркъуэшхуэ телъащ, я нэгу щIэкIам гупсэхугъуэ къаримыту, щигъэхыщIэ къыхэкIыу. Ауэ ахэр блэкIа гузэвэгъуэр къэмыхъужыным гукIи, псэкIи, Iуэхук Iи телажьэу къэпсэуащ, щIэблэм щапхъэ яхуэхъун Iэджи къызэранэкIащ. ЖыпIэ хъунущ къэзымыгъэзэжахэм я хьэкъри къэкIуэжахэм тIуащIэу ягъэзэщIауэ. Апхуэдэхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм и пэм къыщегъэжьауэ и кIэм нэсыху хэта Мэжджыхь Там и къуэ Хьэсэнбий и гъащIэри. Зауэм иужькIэ Хьэсэнбий куэд къимыгъэщIэжами, цIыхухэм ягу фIыкIэ къыщIэкIыжын лъэужь дахэ къигъэнащ, и цIэр пIэщIэху щIэмыхъун Iуэхугъуэ дахэхэри къигъэнащ.

Хьэсэнбий Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. НэгъуэщI тхылъымпIэхэм къызэрыхэщымкIэ, 1922 гъэм дунейм къытехьащ. Къуажэм дэт курыт еджапIэр къиуха нэужь, ар электрик IэщIагъэр щрагъэгъуэт курсхэм щIэтIысхьауэ щытащ. КъыбгъэдалъхьащIэныгъэм щIалэр мыбзаджэу хэгъуэзат, хъарзынэуи ирилэжьэн щIидзат, арщхьэкIэ зыIэтыгъуэ-зыужьыгъуэм нэмысу Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

Хьэсэнбий 1941 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэну ираджащ, а далэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэми хагъэхьащ. ЗэраIуэтэжымкIэ, Хьэсэнбий шуудзэм зэрыхагъэхьэнур хьэблэм къыщащIэм, нэхъыжьхэм я унафэкIэ тхьэмахуэ зэхуакум кърихубыдэу цейм къыщIилъхьэну къэпталыр, щIакIуэ-щхьэрыхъуэныр, уанэр хузэрагъэпэщат, зытесыну шым и налри хущIалъхьат. Хьэсэнбий къэзылъхуа анэр пасэу щхьэщыукIуриикIами, адэм къишэжа Таужан (ар Къылышбийхэ япхъут) зеиншэ быным гумащIэу къахущIэкIат. Унагъуэм исхэм къамыщIэу, жэщу, уэсыр кууу къесауэ дыгъужьхэм я къугъ макъыр къуажэм щхьэщыту ар КъурIэнкIэ Iэзэ Сэбаншы Зрумхъан деж кIуэгъат, шэтемыгъахуэ дыуэ хуригъэтхыну. Зи Iуэхур щэхуу зэфIэзыгъэкIа Таужан апхуэдэ дыдэу щэхуу а дыуэр Хьэсэнбий и джанэ пщампIэм кIуэцIидэгъат...

Куэд дыдэ дэмыкIыу Хьэсэнбий зэуапIэм Iухьащ, 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 27 къыщегъэжьауэ Ростов щIыналъэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм хахуагъэ щигъэлъагъуэу хэтащ. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм щыщу зэуапIэм щыкIуэдахэмрэ уIэгъэ щыхъуахэмрэ ятеухуауэ 1942 гъэм фокIадэм и 24-м ягъэхьэзыра тхылъымпIэм къызэрыхэщымкIэ, 278-нэ шууей дзэ гупым и зауэлI Мэжджыхь Хьэсэнбий Ростов щIыналъэм щекIуэкIа зауэм 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м уIэгъэ щыхъуащ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыIэ военкоматым и архив гъэтIылъыгъэхэм щахъумэ Мэжджыхь Хьэсэнбий и дамыгъэ тхылъым зэрыжиIэмкIэ, ар 137-нэ фочауэ гупым фочауэу хэтащ, Сталинград деж щекIуэкIа зауэ гуащIэми и

къару щеблэжакъым. Майор Князевым и Iэ зыщIэлъ а дэфтэрым Хьэсэнбий 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м и пщэм уIэгъэ къызэрытехуар, зэуапIэм къинэу нэмыцэхэм гъэру зэраубыдар къыхощ. Ар 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м къыщегъэжьауэ 1945 гъэм мазаем и 20 пщIондэ гъэрыпIэм итащ. Хьэсэнбий лэжьыгъэ хьэлъэхэр ирагъащIэу Лэхьымрэ (Польшэмрэ) Чехословакиемрэ иращIыхьа гъэрэщхэм исащ. 1945 гъэм мазаем и 20-м советыдзэхэм гъэр къащIыжахэм яхэташ Хьэсэнбий. И Iуэху къызэрекIуэкIа псори дзэ къулыкъущIэхэм зэхагъэкIа нэужь, ар 315-нэ фочауэ дивизэм яунэтIащ. Абы Хьэсэнбий 1945 гъэм жэпуэгъуэм и 8 пщIондэ къулыкъу щищIащ.

Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ къэралым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м къищта унафэм ипкъ иткIэ Хьэсэнбий «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщащ. Абы къищынэмыщIауэ, 1948 гъэм мазаем и 22-м Мэжджыхь Хьэсэнбий «Советыдзэмрэ Хыдзэмрэ илъэс 30 ирокъу» махуэшхуэ медалыр кърататауэ щытащ. Ауэ Хьэсэнбий къыхуагъэфэща дамыгъэ псори игъуэм кърατыжауэ щытакъым...

Хьэсэнбий Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм щхьэкIэ «Хахуагъэм папщIэ» медалыр хуэфащэу къэрал къулыкъущIэхэмрэ парт лэжьакIуэхэмрэ къалъытауэ щытащ. А унафэр абыхэм ядиIыгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и комиссар нэхъыщхьэу щыта, гвардием и полковник Пелых Александр икIи Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1958 гъэм щIышылэм и 27-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, Хьэсэнбий медалыр къыхуагъэфэщат. Апхуэдэу 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хыхьэ 278-нэ шууей дзэ гупым хэту Хьэсэнбий Сталинград деж зэрыщызэуам, уIэгъэ зэрыщыхъуам щхьэкIэ «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалри кърατын хуеящ. АрщхьэкIэ дамыгъитIри Хьэсэнбий деж къэсакъым.

А къуаншагъэр зэрагъэзэхуэжу, 2024 гъэм мазаем и 2-м, Сталинград деж щекIуэкIа зауэм советыдзэм нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэр щыхигъэщIа махуэм, илъэс 80 дэкIыжауэ, медалитIри Хьэсэнбий ипхъу Бауэ Марусхъан кърατыжауэ щытащ. Илъэс 66-рэ дэкIауэ захуагъэр текIуащ.

Зауэр иухыу къигъэзэжа нэужь, Хьэсэнбий Тырныауз къалэм вольфрамрэ молибденрэ къыщыщIах комбинатым электрикыу зыбжанэрэ щылэжьащ, шахтым щIыхьэурэ электрокъарур тыншу къагъэсэбэпыным теухуа лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIащ. ИужьыIуэкIэ ар Бахъсэн щIыналъэ электросетым щыIащ, электромонтёр IэнатIэм пыщIауэ. Ар и къалэным хьэлэлу щыбгъэдэмыта, и пщэ къыдалъхьа Iуэхур екIуу щызэфIимыхаи къэхъуакъым.

Хьэсэнбий цIыху хэтыкIэ зэрищIэм къыхэкIыу, ныбжьэгъухэр и мащIэтэкъым, къыкIэлъыкIуэри нэхъыбэжт. Дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтырт, цIыху пэжт, захуагъэншагъэр зымыдэти, къуажэдэсхэм пщIэ къыхуащIырт. Зауэм пасэу лIыпIэ иригъэува Хьэсэнбий куэдым хищIыкIырт, къекIуэкIым набдзэгубдзаплъэу хэплъэрт. Ауэ нэхъыжьыпIэ иувэну Тхьэм къыхуигъэфэщакъым Хьэсэнбий - и ныбжьыр илъэс 42-м иту, 1963 гъэм мазаем и 23-м, Хьэсэнбий къуажэм ирикIуэ кIэнауэм гуузу псым щитхьэлауэ щытащ.

Хьэсэнбий зэи фIэфIакъым и нэгу щIэкIахэм тепсэлъыхьын, абы щишэча гугъуехьхэм я гугъу ищIын. Ауэ гъащIэм лъапIэныгъэу пылъыр зыхуэдэр щIалэщIэ дыдэу къызыгурыIуа Хьэсэнбий дунейм тетыху ар ягъэпуду, хуэмыфащэ ирапэсу зыми хуидакъым. ЦIыхум адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, пэжагъ хэлъыныр, щыпкъагъэм тетыныр сытми ипэ иригъэщащ, нэгъуэщIхэми ахэр яхуигъэуву щытащ.

Зауэм фызабэ ищIа цIыхубзхэм и гур хуабжьу ящIэузырт Хьэсэнбий. ЛъэкI псомкIи щIэгъэкъуэн яхуэхъунут, и гулъытэ дэтхэнэми лъигъэIэсынут. Зауэм къимыкIыжа и зы ныбжьэгъу щIалэ и щхьэгъусэр щIыбагъыншэт, ади дэлъхуи имыIэжу. Зы къуэ иIэти, сабий дыдэт. Унэжьыр зыдэт пщIантэр чы бжыхькIэ къэхухьати, лъабжьэр щIэфыкIат, езыри тIэкIу дэкIмэ, уэну хьэзырт. Хьэсэнбий мэзым кърита пхъэр пхъащIэм иритри, езыр дэIэпыкъуурэ чы бжыхь игъэхьэзырат. Фызабэм кърмыгъэщIэн щхьэкIэ, езымрэ пхъащIэ щIалэмрэ жэщым чы бжыхьыжьыр ирахри, щIэр хагъэуват, лъагэ хъужу, екIуу зэхэлъхьауэ. Къаплъэ нэхърэ къиплъ, жаIэ - щIалэщIэм ища гукъэкIырат зылъэгъуахэм яIуэтэжри, къуажэдэсхэм я фIыщIэ мыухыжыр къыхуихьат... Апхуэдэ хъыбар куэд щыIэщ Хьэсэнбий епхауэ.

ТекIуэныгъэм и махуэр къыщыблагъэкIэ, Хьэсэнбий зыхэпщIэу и гур хэщIырт, зыхэта гуIэгъуэхэр теплъэгъуэ-теплъэгъуэкIэрэ и нэгу къызэрыщIыхьэжыр къапщIэу нэщхъей хъурт. Къыдэзэуа, зэуапIэм къимыкIыжу мафIэ лыгъейм зи щхьэ хэзылъхьа щIалэхэр зэи игу ихуакъым, я пщIэр иIыгъащ. Зы илъэси блимыгъэкIыу ар Хэку зауэшхуэм хэта и къуажэгъу щIалэхэм я гъусэу щыхьэрым кIуэрт, ТекIуэныгъэм и махуэр абдеж щигъэлъэпIэну, и ныбжьэгъухэр игу къигъэкIыжыну. Абы и щыхьэтщ ТекIуэныгъэм и зы махуэхэм къалэ жыг хадэм и тетIысхьэпIэхэм языхэзым хэгупсысыхьауэ тес Хьэсэнбий къэрэндашкIэ тращIыкIауэ щыта сурэтыр. Ар абы и шыпхъу АбытIэ Мэржан зэрихьэу щытащ.

Хьэсэнбий къызэрытхэмытыжрэ Iэджэпси ежэхащ, цIыху куэди дуней пэжым кIуэжащ. Ар зыцIыхуу щытахэм я бжыгъэми кIуэтэху хощI, ауэ цIыхум щымыгъупщэ щыIэщ, игу къыщыдридзейм деж хуабагъ гуэр зыхригъащIэу, IэфIыгъэ гуэрхэм хригъэлъасэу - Хьэсэнбий и гъащIэ мащIэм илэжьахэр апхуэдэщ, уегъэнэщхъыфIэ. Зауэм и фIыцIагъэр зылъэгъуа щIалэм псэуху мамыр гъащIэм нурыгъэр щигъэблэну хэтащ. Дызэригугъэмк Iэ, ар абы хузэфIэкIащ, жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ.

Тхыгъэри сурэтри **ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

● Экономикэ

Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ

2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ щылажьэхэм я бжыгъэр 22629-рэ хъуащ. Абыхэм ящыщу 5850-р юридическэ лицощ, 16779-р - уней IуэхущIапIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ процентиI 106,3-кIэ нэхъыбэщ ар.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу республикэм и IуэхущIапIэ цIыкIухэм я бжыгъэр 22187-рэ, хьэрычэт IэнатIэ мащIэм - 412-рэ, курытым - 30 хъуащ. Гъэ блэкIам къриубыдэу хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэт IуэхущIапIэу зезыгъэтхахэм я бжыгъэр 5786-рэ хъуащ, абыхэм ящыщу 663-р юридическэ лицоуэ, 5123-р - уней IуэхущIапIэу. Нэгъабэрей бжыгъэхэм елъытауэ мыбдежым хэхъуэу къагъэлъэгъуащ процент 21,4-рэ.

Я щхьэ хуэлэжьэжыну налогхэх IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэр 81466-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 79120-р юридическэ лицоуэ, 2346-р - уней IуэхущIапIэу. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар процент 14,3-кIэ нэхъыбэщ.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэм, курытым, уней IуэхущIапIэхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэри яхэту, нобэ щылажьэр псори зэхэту цIыху 108141-рэ мэхъу.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ республикэм щыдэIыгъыным пыщIа Iуэхугъуэхэм 2025 гъэми пащэнущ «Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ, уней хьэрычэт щIэн жэрдэмхэр» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ. Ар хохьэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджы къыхилъхьа «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIакIуэ

Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ мэкъумэш промышленностым зэрыщызэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ лъэныкъуитIым я продукцэхэм къапэкIуэ хэхъуэр нэхъыбэ зэращIынум къищынэмыщIауэ, лэжьыгъэ и пIалъэкIэ зэхъуажэурэ IэнатIэр зэрырагъэфIэкIуэнми иужь итынущ.

УФ-м, Къэзахъстаным мэкъумэш хозяйствэхэмкIэ я министрхэу Лут Оксанэрэ Сапаров Айдарбекрэ тепсэлъыхьащ нэхъапэкIэ я зэдэлэжьэныгъэм кърикIуахэм, адэкIэ а Iуэхум зрагъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэри яубзыхуащ. А унэтIыныгъэмкIэ къэралитIым я зэпыщIэныгъэм къыхуихь хэхъуэм блэкIа илъэсым процент 1,5-кIэ хэхъуащ икIи абы къахуищIащ сом меларди 3,4-рэ. Министрхэм къызэрыхагъэщамкIэ, апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм лъэныкъуитIми я экономикэм щхьэпагъышхуэ къахуихьынущ, абы ипкъ иткIи я мурадщ IэнатIэм и унэтIыныгъэ псомкIи зэдащIэ Iуэхухэр щIагъэхуэбжьэну.

Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ я мэкъумэш промышленностхэм зэрызрагъэужьыным и лъэныкъуэкIэ зыхуагъэувыжа къалэнхэм ящыщщ агробиотехнопарк къызэгъэпэщыным теухуа проект зэхэгъэувэныр, ерыскъыхэкIхэмкIэ зэрызэхъуажэ щIыкIэр нэхъри егъэфIэкIуэныр.

ЗэгурыIуэныгъэм къыхуреджэ

США-м и президент Трамп Дональд Урысейр къыхуриджащ Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъум кIэ иритыну. Ар къэмыхъумэ, Унэ хужьым и унафэщIым Урысейм ираш хьэпшып псоми санкцэхэр трилъхьэну жеIэ.

АМЕРИКЭМ и Штат Зэгуэтхэм и президентым къыхигъэщащ урысей цIыхубэр фIыуэ зэрилъагъур, Путин Владимир фIыуэ зэрыхущытыр. Апхуэдэу щытми, абы къегъэлъагъуэ Урысей Федерацэр иджыпсту зэгурыIуэныгъэм хуэмыкIуэмэ, «экономикэ текъузэныгъэр» зэригъэткIииным нэмыщI нэгъуэщI хэкIыпIэ зэримыIэр. «Гъуэгуанэ тынши гъуэгуанэ гугъуи щыIэщ. Гъуэгуанэ тыншыр сытым дежи нэхъ къыхэхыгъуафIэщ», - жиIащ Трамп Дональд.

Америкэм и президент хэхыныгъэхэм зыщыхуигъэхьэзырым абы мызэ-мытIэу къыхигъэщауэ щытащ урысей-украинэ зэныкъуэкъур зэтес зэрыхуэщIыжынур. США-м и къэрал департаментым и унафэщI Рубио Марк иджыблагъэ жиIащ Трамп Дональд Украинэм мамырыгъэр щызэтеувэжыным ткIийуэ хущIэкъуну зэримурадыр.

НОБЭ

♦ **1932 гъэм** къалъхуащ полковник, жылагъуэ лэжьакIуэу щыта, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Джэтауэ Хьэмыщэ**.

♦ **1942 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **БетIрожь Руслан**.

♦ **1953 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, къэрал лэжьакIуэ **Щыхьмырзэ Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи щхьэ хуэпщIыжыр уи нэмысщ.

● Фэеплъ

МафIэдз Сэрэбий и Iэужь лъапIэхэр

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм зэхыхьэ щекIуэкIащ адыгэ тхакIуэ, IуэрыIуатэдж, щIэныгъэлI, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м литературэмрэ гъуазджэмкIэ (1998 гъэ), щIэныгъэмкIэ (2002 гъэ) и къэрал саугъэтхэм я лауреат, Къандур Мухьэдин и саугъэтыр зыхуагъэфэща МафIэдз Сэрэбий къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум теухуауэ. ЗэIущIэр къызэригъэпэщащ IуэхущIапIэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ, «Гум и макъ» клубым и унафэщI Безыр Ленэ.

ЗЭХЫХЬЭР щекIуэкIа лъахэхутэ къудамэм и пэшым щагъэуват МафIэдз Сэрэбий и Iэужьхэр, лэжьыгъэ щхьэпэхэр щызэхуэхьэса тхылъ дапхъэ. Абы телът «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» тхыдэ романхэр, и Iуэтэжхэмрэ повестхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ традза и тхыгъэхэр. КъищынэмыщIауэ, гъэсэныгъэм, хабзэм, щIэблэм ятеухуауэ МафIэдз Сэрэбий лъэпкъым къыхуигъэна, мызэ-мытIэу къыдагъэкIыжа и лэжьыгъэ щхьэпэхэу дапщэщи щIэупщIэ зиIэхэр.

ЗэIущIэм ирагъэблэгъащ Налшык къалэм и школ №13-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ, «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Жыкъуэ Сонярэ абы и гъэсэнхэмрэ, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №31-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къылыш Алёнэрэ и еджакIуэхэмрэ. НыбжьыщIэхэм анэдэлъхубзэр фIыуэ зэрагъэшэрыуэр нэрылъагъуу, гъэхуауэ къеджащ адыгэ джэгукIэхэм ятеухуауэ МафIэдз Сэрэбий и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм, хъуэхъухэм, фIэхъусхэм.

- Адыгэ лъэпкъым и набдзэ, тхьэмадэ Iумахуэ МафIэдз Сэрэбий къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу. ТхакIуэ цIэрыIуэ, IуэрыIуатэдж, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор МафIэдзым адыгэ хабзэм теухуауэ зэхуихьэсыжу къыдигъэкIа тхылъым щымыгъуазэ адыгэ къэгъуэтыгъуейщ. Ар апхуэдизкIэ бзэ дахэкIэ, шэрыуэкIэ итхыжри ябгъэдилъхьащи, балигъхэми сабийхэми гурыIуэгъуафIэ ящохъу. Курыт еджапIэм щIэс ди еджакIуэхэми а тхыгъэхэр яфIэгъэщIэгъуэнщ. Курыт ныбжьым итхэми жаIэ а тхыгъэхэм щIэ куэд къызэрыхахыр, – жиIащ Жыкъуэ Соня. - Илъэс мин зыбжанэ хъуауэ къогъуэгурыкIуэ адыгэ хабзэр. Адыгэ хабзэращ ди лъэпкъыр зыIэтар. Дэнэ щIыналъэ къыщыхутами, адыгэхэр я теплъэкIэ, я фэилъхьэгъуэкIэ, я IуэхущIафэкIэ, дуней тетыкIэкIэ, я хабзэкIэ, нэмыскIэ, нэхъыжьым хуащI пщIэмкIэ, сабий гъэсэныгъэмкIэ нэгъуэщIхэм фIыкIэ къахощхьэхукI. Дэтхэнэ зы цIыхуми къызыхэкIа лъэпкъыр зыхилъхьэ щымыIэу егъэлъапIэ. Апхуэдэу хъуми, адыгэ хабзэм дыпхыплъыжмэ, нэгъуэщIхэм куэдкIэ зэрефIэкIыр нэрылъагъуущ. Пасэ зэманыр, Къэзэнокъуэ Жэбагъы щыпсэуар къапщтэмэ, нэхъыжьхэр щIалэгъуалэм яхэплъэрти, нэхъ къахэжаныкIа сабийхэр, щIалэ цIыкIухэр къыхащыпыкIыурэ адыгэ хабзэм хуагъасэрт. Ахэр къыдэкIуэтея нэужь, адыгэ хабзэм и уэчыл хъурт. Къэзэнокъуэм жиIащ: «Зэманым декIур лIыфIыщ». Пасэм щыIа хабзэ нэхъыфIхэмрэ иджырей зэманым къэунэхуа хабзэ дахэхэмрэ зэхэухуэнауэ къэдгъэсэбэпыныр къезэгъыу къыдолъытэ. Адыгэ хабзэм дытетыфмэ, нэхъ тыншу дыпсэунущ, цIыхухэми дакъыдекIуэкIыфынущ. Ди зэхыхьэр зытедухуар МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым къыщыхьахэрщ. А хабзэ дахэхэм нэхъыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ноби дытетмэ, ди гъуэгуанэр екIуу, псоми пщIэ къытхуащIу, дыщымыуэу, ипэкIэ дыкIуатэу дыпсэунущ, узэIэбэкIыжмэ, ди лъэпкъым и нэхъыжьыфIхэм я цIэ дуней псом фIыкIэ къыщраIуэу зэрыщытам хуэдэу, ноби ди цIэр дымыгъэулъийуэ, зэманым зыдедгъэкIуфу, ди блэкIар тщIэуэ, ди хабзэм дытету, щIалэгъуалэр дыунэтIу.

ЗэIущIэм зыубгъуауэ щытепсэлъыхьащ хьэщIэм хьэщIагъэ ехыным, адыгэ унагъуэхэм щызекIуэ сабий гъэсэныгъэхэм ятеухуа хабзэхэм, къуэм, пхъум щхьэхуэу кIэлъызэрахьэ гъэсэныгъэхэм, кхъуейплъыжькIэрыщIэм, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ яку дэлъ пщIэм, нэмысым, фIэхъусхэм, хъуэхъухэм, адыгэ тхьэлъэIухэм (мафIащхьэтыхь, теIуэ тхьэлъэIу, нэгъуэщIхэри), адыгэ махуэгъэпсыр къызэрагъэсэбэпымрэ абы и мыхьэнэмрэ, гъэмахуэ, щIымахуэ пIалъэхэм, гъэрэ щIырэ зэрызэхэкIым. Апхуэдэу къытеувыIащ адыгэхэр шхыныгъуэхэм тхIийуэ бгъэдыхьэу зэрыщытам. Псом япэу кIэлъыплъырт шхыныгъуэ хэхакIэ, хэплъыхьакIэ загъэнщIыным. Адыгэ пщэфIэкIэм шхыныгъуэ мыхъумыщIэ хагъэхьэртэкъым. Ар Iэмал имыIэу цIыхумкIэ, узыншагъэмкIэ сэбэпу, цIыхум лы лей къыкIэрымыпщIэным хуэщIауэ щытын хуейт. Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ езыр-езыру куэду къагъэкIырт, Iэщыр къабзэу зэрахуэрт, лыр ягъэгъурт, гъэшхэкIкIи зэпэщт. Сабийхэм фIыуэ ялъагъурт мамкъутыр, зэр, щIымэракIуэр, мэракIуапцIэр, къущхьэмышхыр. ХьэщIэ къахуеблэгъа нэужь шхыныгъуэ хэплъыхьакIэ ягъэхьэщIэрт. Аращ ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр дуней псом цIэрыIуэ щIыщыхъуар. Ди щIыпIэм пасэ зэманым щыхьэщIа къэхутакIуэхэмрэ зыплъыхьакIуэхэмрэ яфIэтелъыджэу ятхыжащ ди лъэпкъым и нэхъыжьхэм далъэгъуа хабзэ дахэхэр, Iущыгъэр, щIалэхэм я уардагъымрэ хъыджэбзхэм ябгъэдэлъ дахагъэмрэ, хьэщIэм хуащI пщIэ-нэмысыр, ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр (гъавэхэкIхэр, лыхэкIхэр, гъэшхэкIхэр) зэрызэгъымрэ къэуатышхуэ зэращIэлъымрэ. Урыс литературэм и классикхэу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, нэгъуэщIхэри Псыхуабэ къыщыкIуам я Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэхэм я псэукIэм, ди щIыналъэм и дахагъэм теухуахэр къызыхэщ поэмэхэмрэ усэхэмрэ. Нобэ екIуу дыпсэун щхьэкIэ, Iэмал имыIэу тхыдэр, ди блэкIар фIыуэ зэдгъэщIэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ пажэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бейтыгъуэн Алёнэ ныбжьыщIэхэм гу лъаригъэтащ МафIэдз Сэрэбий и «Мыщэ лъэбжьанэ» тхыгъэм къыхэщ адыгэ хабзэм щыщ Iыхьэхэм теухуа и лэжьыгъэм - адыгэхэм я гъэхьэщIэкIэм, сабий гъэсэкIэм, джэгуакIуэм, щIопщакIуэм я мыхьэнэм, уIэгъэ хъуар е сымаджэр зэрытрагъэууэ щытам, атэлыкъ хабзэм теухуахэр, нэгъуэщIхэри.

Мэкъуауэ Имран игъэзэщIащ «Адыгэм ди хабзэр аращ», «Адыги на земле моей живут» уэрэдхэр. ЗэIущIэм къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэм тхылъкIэ яхуэупсащ.



ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Марианнэ и IэдакъэщIэкIхэм гугъатхъэ къыдат

● ТхылъыщIэ

Илъэсыщ Iэм лъэбакъуэфIкIэ дыпежьэри, зы лэжьэгъуэ махуэм и пщэдджыжь дыгъэпсри гуапэу дигу къинащ. Ди лэжьэгъу журналист зэчиифIэ, тхакIуэ, усакIуэ Iэзэ Чэрим Марианнэ и тхылъыщIэр зэIэпытхыу деджэу едгъэжьащ 2025 гъэр. Жанр щIэщыгъуэкIэ тха «Зэшыпхъуибл» тхылъ цIыкIур апхуэдизкIэ дигу дыхьати, дызэхуэсри дытепсэлъыхьащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэу Щхьэщэмыщ I Изэ, Гугъуэт Заремэ, Багъэтыр Луизэ, Къаныкъуэ Анфисэ, Къарей Элинэ, езы Марианнэ, сэ хьэрфым, псалъэм зэхуиша зэшыпхъуибл хуэдэу дызэрихьэлIэри, «литературэ пщэдджыжьышхэ» зэдэтщIащ.

СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: **Къарей Элинэ, Къаныкъуэ Анфисэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ, Багъэтыр Луизэ, Гугъуэт Заремэ.**

ПСОМ япэрауэ, тхылъыр и теплъэкIи, и инагъкIи гурыхьщ, еджэгъуафIэщ, «пщыхьэщхьэ тхылъ» Марианнэ зыхужиIа цIыкIум пэж дыдэу зы сыхьэт тебгъэкIуадэу аращ. Ауэ а сыхьэтым псэм игъуэт беягъымрэ щIэныгъэм къыхэхъуэмрэ мащIэкъым. Куэдым жаIэ Марианнэ и IэдакъэщIэкIхэм ущеджэкIэ, псалъэ шэрыуэ куэд къызэрыхэпхыр. Мы «Зэшыпхъуиблыр» абы и лъэныкъуэкIэ псоми ятекIуэжащ, усэбзэкIэ тха тхыгъэр псалъэ шэрыуэрэ гупсысэ убзыхуа защIэу зэхэлъщ.

Зытеухуам и гугъу пщIымэ, ар дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэ къыщыхъуа цIыхуми фIэгъэщIэгъуэныну, нобэрей махуэр, гъащIэр гъуджэу къызэрыщ тхыгъэ хъуащ. Зи гугъу ищIыр хамэ къэрал къиIэпхъукIыжу зи адэжь лъахэр псэупIэ зыщIыжа унагъуэрщ. Зы унагъуэм къихъуа зэшыпхъуиблым я сабиигъуэм щегъэжьауэ балигъ ныбжьым нэсыху я хьэл-щэнымрэ дуней тетыкIэмрэ дыкъыщоджэ тхылъым. Абы къызэщIеубыдэ гъащIэм и лъэныкъуэ куэд, адыгэм и тхыдэм хэта къэхъукъащIэ, лъагъуныгъэ, ныбжьэгъугъэ, Iыхьлыгъэ, псэ къабзагъэ, хабзэ, зэпIэзэрытыгъэ, цIыху зэхущытыкIэ, нэгъуэщIхэри. Тхылъым нэхъыбэу щызэпкърыхар пщащэхэм я дунейр арами, мыбы фIэгъэщIэгъуэну еджэнущ щIалэхэри, курыт ныбжьым ит цIыхухъухэри, цIыхубзхэри, зи ныбжь хэкIуэтахэри.

Марианнэ адрей тхакIуэхэм зы щэнкIэ къащхьэщыкIыу къысщохъу. И дуней тетыкIэм ещхьыркъабзэу, и IэдакъэщIэкIхэм хэт лIыхъужьхэми ягъэнэхъапэр гуапагъэмрэ гумащIагъэмрэщ. ЦIыхуми Iуэхуми фIыуэ хэлъращ Марианнэ илъагъури, зытепсэлъыхьыну фIэфIри. Тхылъым укъеджа нэужь, уи гум, уи Iум, уи псэм къинэр IэфIщ, дахэщ.

А зэшыпхъуиблым дахагъэу, Iэзагъыу, губзыгъагъэу яхэлъымрэ ахэр усэбзэкIэ екIуу къызэрыIуэтамрэ бгъэщIэгъуэн умыхъуурэ тхылъыр пIэщIоухэ. ТхакIуэм уи фIэщ ещIыф апхуэдэ унагъуэ, цIыху дахэ къызэрытхэтыр, ди къуажэм, ди хьэблэм зэрыдэсыр. ГъащIэм нэгъуэщI нэкIэ урегъэплъ жыхуаIэр мыпхуэдэ зы тхылъ цIыкIущ. Дэри доцIыху апхуэдэхэр, ядэтлъагъуфын хуей къудейуэ аращ Марианнэ дахащэу зэгъэкIуауэ зытепсэлъыхьхэр.

Тхылъыр зытеухуар къэсIуэтэжыну сыхуейкъым, ар тыкуэнхэм щащэ е редакцэм къыщывгъуэтынущи, феджэнщ. Ауэ дэ тфIэгъэщIэгъуэну зэпкърытхащ Марианнэ и «бзэр». Куэду хэтщ зи гугъу сщIы псалъэ шэрыуэм хуэдэхэр: «Гум хуэбгъадэр гум къеуамэ, дыгъи мази къыкъуэкIыжкъым», «Лъагъуныгъэ зыхуэчэмым дэплъагъункъым псэ IэфIагъ», «Ирипсалъэм и лъагагъырщ бзэ къэс и зэфIэкI зыIэтыр», «ПщафIэм ещхьщ усэрыпсалъэр - Iэзэщ, зыхилъхьар IэфIыху», «Бзэгур папцIэмэ, «зэхихкъым», Iэр щыуамэ, «нэфщ» жыпIэнт», «Сыти хэлъхьэ, IэфI щыхъунур зыхуупщэфIыр фIыуэ плъагъумэщ», «Гъуэгу темыхьэр хущIогъуэж зэримыгъэунэхуам и лIыгъэр», «Уи хадэкIэр зэщIэкIамэ, сыт гъунэгъур зэрыкъуаншэр?», «ГъащIэр пхъуантэщ, псэм зэрихьэу, фIыкIэ блажьэмэ, нэхъыфIкъэ?», «Зыми имыхьэлъэ ихькъым - дунейм цIыхуу тетыр зэшщ», «Лъэщщ цIыхупсэр, и пэж хъуаскIэр мыункIыфIу иIыгъыхукIэ», «Уи гур уи фэм лIыщIэ хуэпщIмэ, уи псэр хэт зыщыгугъынур?». Зы напэкIуэцIи зэбгъэдзэкIыркъым, мыр си гум изубыдарэт жыпIэу апхуэдэ псэлъафэ зыбжанэ къыхыумыгъэщауэ.

- Мы зэхуэсыр IуэхуфI гуэрым и пэублэу къысщохъу. Дэ дрогушхуэ адыгэ литературэр адэкIэ зыгъэкIуатэ тхакIуэ, усакIуэхэр къызэрытхэтым, тфIэфIщ я IэдакъэщIэкIхэм деджэну, абы теухуауэ мыпхуэдэу дызэхуэсынри хабзэ тщIыныр лейкъым, езы тхакIуэхэри тригъэгушхуэну къысщохъу.

Сэ зы шыпхъурэ зы дэлъхурэ сиIэу аращ, зэшыпхъу зыбжанэ хъухэм сапигъэхъуэпсащ, зэшыпхъу гуп зы унэм укъыщызэдэхъуну зэрынасыпышхуэр слъэгъуащ. Абы къищынэмыщIауэ, Марианнэ и жыIэгъуэхэр зэIэпахыу еджэну зэрыщхьэпэм сригъэгупсысащ: иджыри къэс къыдэкIа тхылъхэм хэт апхуэдэ псэлъафэхэр къыхэпхыу тхылъ щхьэхуэу къыдэбгъэкI хъунут. Мы тхылъым ахэр къэрэндащкIэ щыщIэстхъэурэ сыкъеджащ, «Налшык губампIэ» романым щIэздзауэ къыхызотхыкI, - жеIэ Изэ.

Пэжу ди тхакIуэхэр жыджэрщ, зы махуи зыгуэр ямытхыу дагъэкIыркъым. Iуэхур здэщыIэр ахэр тхылъу къыдэгъэкIынращ. Сыту хъарзынэ хъунут КъБР-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм е тхылъ тедзапIэхэм апхуэдэ Iэмал яIэу иджырей тхакIуэхэмрэ журналистхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр пIалъэ-пIалъэкIэ къыдагъэкIыу щытамэ. Е мылъку зыбгъэдэлъ хьэрычэтыщIэхэм гу лъатэрэ я ахъшэм щыщ зы мащIэ хухахмэ. Мис абы делэжьын хуейуэ къысщохъу сэ. Тхылъыр щыIэмэ, еджэни къыкъуэкIынущ. Нобэ зыбжанэ еджэмэ, пщэдей нэхъыбэм зэIэпахынущ. Дэ «Зэшыпхъуиблым» дызэрытепсэлъыхьар щхьэж и Интернет напэкIуэцIым кърилъхьэжати, ар зылъэгъуа куэд къыщIэупщIащ, къащэху, Марианнэ къыхуаIуэху. Ар гуапэщ.

- УсэбзэкIэ тха иджырей псысэр адыгэ литературэм дежкIэ жанр щIэщыгъуэщ. Мы тхыгъэм къыхэщу гу лъыстащ езы тхакIуэм и псэ къабзагъэр, ар и лIыхъужьхэм шыфэлIыфэ яхуищIми. Тхыгъэм къыщихь IуэхугъуэхэмгугъэхэлъщӀ. Ди зэманым хуэгъэпсащ тхылъыр - абы щIэджыкIакIуэр псом хуэмыдэу къехьэху. ЕджэгъуафIэщ, ныбжьыщIэхэми нэхъыжьыIуэхэми къыхахынрэ дэзыхьэхынрэ хэухуэнащ, - къыпещэ Гугъуэт Заремэ.

- Марианнэ и «Зэшыпхъуибл» тхылъыщIэм сыдихьэхри, зы сыхьэтым и кIуэцIым зэзмыгъэтIылъэкIыу седжащ. Тхыгъэр мыинми, нобэрей гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм, гугъуехьхэм ятеухуауэ куэдым гу лъыдегъатэ тхакIуэм. Сэ къызэрысщыхъуаращи, мы псысэм зи хъыбар къыщытхуиIуатэ зэшыпхъуиблым я гъащIэм дыкIэлъигъэплъ хуэдэу ищIри, укъызыхэкIа лъэпкъым хуэпщIын хуей пщIэри, динри, хабзэри, анэдэлъхубзэм и мыхьэнэри къыхигъэщащ. Мы тхыгъэм и лIыхъужь нэхъыщхьэу слъагъур езы тхакIуэращ, абы и гупсысэхэращ. ЦIыхур зытетын хуей гъуэгу захуэр «къытхузэIуих» хуэдэщ. Тхыгъэр къулей тщIын щхьэкIэ куэдрэ адыгэ псалъэжьхэм защыхуэдгъазэ щыIэщ, Марианнэ абыи хуэмыныкъуэу, и бзэр апхуэдизкIэ шэрыуэщи, езым и гупсысэхэр жыIэгъуэ хьэзырщ. УрысыбзэкIэ къэтпсэлъ куэди адыгэбзэм дахэу къызэрыригъэзэгъэфым и щыхьэтщ «психолог» псалъэр «псэгъэхъужу» къызэригъэлъагъуэр. Тхыгъэм и кIыхьагъкIэ «махуэр макIуэ, гъащIэр мажэ» щыжыIащ. ТхакIуэм дыхуигъэпIащIэми ярейщ фIы длэжьу дыпсэун зэрыхуейм, - жеIэ Багъэтыр Луизэ.

Къаныкъуэ Анфисэ езым и тхэкIэр Марианнэ ейм къызэрыщхьэщыкIыр къеIуатэ: «Сэ, псалъэм папщIэ, сфIэфIщ дэтхэнэ образри зы мэскъал къэзмыгъанэу къэзгъэлъэгъуэну, Марианнэ и лIыхъужьым кIэрылъ псори апхуэдэу пхузэпкърихкъым, ауэ зэрытетхыхьымкIэ а зэрыщыт дыдэр уи нэгум къыщIегъэувэ. Мы тхылъым кIыхьу утепсэлъыхьыфынущ, ауэ кIэщIу жыпIэмэ, дыгъуэпшыхь седжати, нобэ «насыпыфIэу» сыкъэкIуащ».

- Мыпхуэдэ зэIущIэ цIыкIур зигу къэкIа фэ, си лэжьэгъухэм, фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ. Ди литературэр хэмыкIуэдэжыпэу, бзэм псэ Iутын хуэдэу «литературэ пщэдджыжьышхэ фIэтщми», «еджэ-ешхэ» фIэтщми, хъарзынэ хъунут щIэх-щIэхыурэ дызэхыхьамэ. Ди редакцэм тхакIуэхэр, усакIуэхэр зэрыщылажьэр фIыщ, ятхIамэ, дыщIызэхуэсын щхьэусыгъуэ диIэщ, ауэ нэгъуэщI тхылъ гъэщIэгъуэн гуэр зыгуэрым къыIэщIыхьэрэ игу ирихьмэ, псори деджэу, дызэхуэсу зэпкърытхыжынуи щхьэпэ хъунут ди дежкIэ, - жиIащ Марианнэ. - Си гуапэ хъуащ «Зэшыпхъуиблым» фытепсэлъыхьыну пщащиблыр фыкъызэрызэхуэсар, абы дэри зэшыпхъу хуэдэу дызэбгъэдэтыну гукъэкI зэрывигъэщIар, нэхъ гъунэгъу дызэхуищIауэ къызэрыфщыхъуар.

Марианнэ и Iэзагъхэм ящыщщ нобэ дунейм къыщекIуэкIыр, цIыхур зыгъэпIейтейр и щхьэ течауэ и тхыгъэхэм зэрыщызэпкърихыфыр. Абы и лъэныкъуэкIэ щхьэпагъ куэди къыхыбохыф. Уигу зэрыгъу Iуэхугъуэ куэдым я хэкIыпIэр уегъэлъагъуф, узыгъэгузавэр фIы зэрыхъужынур къуегъэщIэф. Апхуэдэу цIыхум и щхьэм илъ гупсысэм утетхыхьыныр, и гур щIэпIейтеймкIэ гузэгъэгъуэ ептыныр куэд и уасэщ. А лъэныкъуэмкIэ гугъатхъэщ Марианнэ и IэдакъэщIэкIхэр, адрей псом я гугъу умыщIми. Редакцэм щызэдэлажьэ гупыр зэшыпхъу пэлъытэ зэхуэхъуауэ зэрызэбгрыкIыжари зи фIыгъэр Чэрим Марианнэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мелуаным щIигъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджырей жыг хадэщIэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ гектар 900-м щIигъу щрагъэубыдащ блэкIа илъэсым.

ИДЖЫПСТУ республикэм и жыг хадэхэм жыгыжьхэр, илъэс 20-м щIигъуахэр къыщыхатхъыж, жыгыщIэхэр щаухъуэнщI. Дунейм нобэ и щытыкIэм апхуэдэ Iэмал хъарзынэхэр жыггъэкIхэм къарет.

Ди щIыналъэм жыг хадэщIэхэр нэхъыбэу щагъэтIысыр джабэ, бгы нэкIухэрщ. Хабзэ хъуауи гулъытэ нэхъ хуащI мыIэрысэ, кхъужь, пхъэгулъ жыгхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэу щIымэракIуэм, шыгъулдыкъащхъуэм, санэм, щхъырыбым, нэгъуэщIхэми.

Илъэс куэдкIэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ къызыпах къэкIыгъэхэм гектар зы миным нэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэубыдащ 2023 гъэм икIи гъэ кIуам а бжыгъэм щIрагъэгъун яхузэфIэкIащ.

2030 гъэм ирихьэлIэу пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу тонн зы мелуаным щIигъу ди республикэм къыщрахьэлIэжыну къалэн зыхуагъэувыжащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къуажэхэм дохутырхэр яхурикъун папщIэ

2025 гъэм кърибубыдэу «Къуажэ дохутыр», «Къуажэ фельдшер» къэрал программэхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм я сымаджэщхэм лэжьапIэ ягъэкIуэнущ цIыху 31-рэ, абыхэм ящыщу 23-р дохутыру, 8-р - фельдшеру.

ПРОГРАММЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, апхуэдэ сымаджэщхэм лэжьыгъэ IэнатIэ щыпэрыувэну дохутырхэм дэтхэнэми зэ тыгъуэу сом зы мелуан, фельдшерхэм сом мин 500 иратынущ, абыхэм щыпсэу цIыхухэм я бжыгъэр цIыху мин 50-м щIимыгъуу щытмэ.

Мыдрейуэ, къуажэ пхыдзахэм щыIэ сымаджэщхэм, укIуэным гугъуехь зыпыщIауэ къалъытэхэм, щылэжьэну ягъэкIуа дохутырхэм сом мелуан 1,5-рэ, фельдшерхэм - сом мин 750-рэ иратынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым «Къуажэ дохутыр», «Къуажэ фельдшер» программэхэр 2019 гъэм щегъэжьауэ щагъэзащIэ икIи а пIалъэм кърибубыдэу медицинэм и IэщIагъэлI 205-м щIигъу щIыналъэм и сымаджэщхэм лэжьапIэ ягъэкIуащ, къуажэ пхыдзахэм щыIэхэри яхэту.

Къыхэдгъэщынщи, 2024 гъэм а программэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзэщIамкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым и щIыналъэхэм я нэхъыфIхэм яхыхьащ.

ТАМОКЪУЭ Алыдж.

● Абы дегъэпIейтей

ЩIым и кугъуэр дэнэ нэсрэ?

Геологие щIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, щIы щхьэфэр и нэхъыбапIэм и пIэ изымыгъэкIыу къызэтезыгъанэр планетэм и гущIыIум щыщу, нэхъ и лъабжьэIуэкIэ щыIэ зэтеупIэщIыкIыжа пцIахуэхэу «литосферэ плита»-кIэ зэджэхэрщ.

«ЛИТОСФЕРЭ» псалъэм къызэщIрагъэубыдэр щIым «телъэщIа» и щхьэфэм и закъуэкъым, атIэ куэдкIэ нэхъ и лъабжьэIуэкIэ щыIэ, «щIы къатибл» зыхужаIэу езыгъэзых и Iыхьэхэу пцIапцIэ щытыкIэм ит мантием нэсхэри халъытэущ.

Ахэр, литосферэ пцIахуэхэр, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къахэкIыу, зыр адрейм елъытауэ зэтекIа иужькIэщ, планетэм и кугъуэмрэ и щхьэфэмрэ я зэхуаку дэт «мантие» пкъыгъуэм тецIэнтхъукIын щыщIадзэр, и пIэ икIахэр щызэIущIэжрэ щызэжьэхэуэжхэу. Апхуэдэхэм дежщ щIыр къыщычэри и зы Iыхьэр адрейм елъытауэ щызэщIэхъаери.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием ЩIыр щыхъеинур къэхутэнымрэ геофизикэмкIэ и Математикэ институтым и унафэщI Шебалин Пётр зэрыжиIэмкIэ, геологием «мантие» псалъэмкIэ хигъэунэхукIыр ЩIы Хъурейм и кугъуэмрэ и щхьэфэ Iувымрэ я зэхуаку дэт пкъыгъуэ абрагъуэу, языныкъуэхэм деж пцIапцIэми, и нэхъыбэм ткIуаткIуэу зыкъэзыгъэлъагъуэрщ. Абы зыщиубгъуащ планетэм и лъабжьэкIэ щыIэ и Iыхьэм щыщу километр 30-м къыщыщIэдзауэ километр 2900-м нэблагъэкIэ езыгъэзыхым. Геологхэм зэрагъэувымкIэ, мантием хэлъытапхъэщ ЩIы Хъурейм и процент 80-м нэблагъэр.

Дызэрыщыгъуазэщи, илъэситI ипэкIэ Тыркум тхьэмыщкIагъэшхуэ къыщыхъуат, ипщэкIэ щыIэ и щIыналъэхэм ящыщ зыбжахэм щIыр къызэрымыкIуэу зэрыщыхъеям къыхэкIыу.

ЩIы зэпцIа скъархэу литосферэ, е нэгъуэщIу жытIэмэ, «тектоникэ плита»-кIэ зэджэхэм я зэпыщIыкIыпIэу Тыркум и кIыхьагъкIэ пхрыкIыр «Ищхъэрэ-Анадолэ (Анатолийскэ)» цIэр зытеIукIарщ. Мыдрейр, «КъуэкIыпIэ-Анадолэ» зэпыщIыкIыпIэр, ирокIуэ а къэралым ипщэкъуэкIыпIэмкIэ щиIэ и Iыхьэм. АтIэми, мы етIуанэрщ Тырку къэралыгъуэм Ливанымрэ Сириемрэ нэхъ пэгъунэгъу и щIыналъэхэм ящыщ зыбжанэр бэлыхьлажьэ хэзыдзауэ щытар.

ЩIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ямылейуэ щIыр щыхъея а «зэпыщIыкIыпIэр» я зэхуэзапIэщ абдежым иужькIэрэ щызэIущIэ литосферэ плитахэу «Анэдолэ» (Анатолийская), «Африкэ» (Африканская), «Хьэрып» (Аравийская) зи фIэщыгъэхэм. А Iуэхугъуэрщ, псом япэрауэ, щхьэусыгъуэ хуэхъуар а зэпыщIыкIыпIэр Iэхэлъахэм дежкIэ ябгэрыхь дыдэу къызэрыщIэкIам.

«Ди жагъуэ зэрыхъущи, щIы щIагъым къыщекIуэкIхэр нэхъ пасэу зэгъэщIэным, зыкъыщызэкъуихынур къэхутэным, дэ, геологхэр, нобэкIэ дыхуэхьэзыркъым. Абы щыгъуэми, щIыр и пIэ изыгъэкI щхьэусыгъуэхэр куэдыщэщ», - жеIэ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа щIэныгъэлIым.

«МызыгъуэгукIэ, Анэдолэ плитам и зы кIапэрщ зэщIэскъыскъэу зызыутхыпщIар. Ауэ щыхъукIи, зэхэпцIыхьыжа а пцIахуэ абрагъуэм щыщу адрей и Iыхьэхэми зыкъыдагъэщIэфынущ, къызэрымыкIуэу заудыныщIэрэ и щхьэфэм псэ Iуту тесхэм гузэвэгъуэ иныр къылъагъэсу», - хъыбар дегъащIэ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, геофизик, сейсмолог Люсинэ Аннэ.

Абы зэрыжиIэмкIэ, щIыр щIэхъейм и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ ди планетэм и кугъуэу щIы щIагъым, и щхьэ хуитыж щыкIэу, алъандэрэ къыщекIэрэхъуэкIар къыщызэтеувыIэн зэрыщыщIидзари.

«Ди планетэм лъэныкъуэ зырызхэмкIэ и зэхэлъыкIэр, зэхэгъэкIыгъуей дыдэу, зэмыщхьми, зыр адрейм зэрыпыщIэжам къыхэкIыу, и мантиемрэ и кугъуэмрэ, зы мащIэ нэхъ мыхъуми, зэрызэщIэхъаем щIым и гущIыIум къыщекIуэкIхэми зрамыгъэхъуэжынкIэ Iэмал зимыIэщ, - къыпещэ и псалъэм Люсинэ Аннэ. - Китайм и щIэныгъэлIхэми къызэрахутауэ, ЩIы Хъурейм и кугъуэм, къызэтеувыIэ щIыкIэу, и екIэрэхъуэкIыкIэм кIэригъэхуу щIидзащ. ЗэрыжаIэмкIи, ар, къэувыIэпа иужькIэ, адрей лъэныкъуэмкIэ еджэрэзэкIын щIидзэнри зыхуэIуа щыIэкъым. Апхуэдэ къэхъу хъужыкъуэмэ, ар, дауи, планетэ псом емыгуэунри Iэмал зимыIэщ».

Иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди планетэм и атмосферэм щыщу километр 48-м къыщыщIэдзауэ километр 965-кIэ щхьэщыIэтыкIа и Iыхьэ хэшам, ионосферэм, адкIэжкIэ щыIэ жьы цIырхъ дыдэм зэщIэузэда и Iыхьэу «плазмэ сферэ» зыфIащар къыддэгъуэгурыкIуэ Мазэм пIалъэ-пIалъэкIэрэ зэщIегъэсысэ, езыр зэрыIукIуэт-къызэрытхуэблагъэм елъытауэ.

Плазмэ-сферэр ЩIым и малъхъэдис губгъуэр щиухым адкIэжкIэ щыIэщ, хьэуар нэхъ щызэкIэщIэпхъа дыдэм хуэзэу.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Хьэуар апхуэдэ щIыкIэм тету зэрызэтеупIэщIыкIар шэсыпIэщ, хьэршым къикI мэскъал зэмылIэужьыгъуэу ЩIы Хъурейми дэри лей къыдэзыхынкIэ хъунухэм дыщахъумэнымкIэ, Дыгъэм къыпкърыкIхэр арами, уахэ жыжьэм къикIхэр арами.

АтIэми, Мазэр зэми къытхуэкIуатэу, IукIуэтыкIыжу зэрыщытым къыхэкIыу, дызэрызыщIишэ и гравитацэм, зэрызихъуэжыр и щхьэусыгъуэу, ди планетэм къыщхьэщыт «плазмэ-сферэр», зы пIэм иримыгъэту, адэмыдэкIэ щыщIеупскIэ. Ар зэдгъэщхь хъуну дэ къэтлъытэр Мазэм и зыщIэшэкIэ зызыхъуэжым хыхэм ярыт псыхэмрэ ЩIым и щхьэфэмрэ загъуэ-загъуэкIэрэ зэригъэпIейтейрщ.

А псоми, зэрыгурыIуэгъуэщи, ЩIы Хъурейм и электромагнит «мэIур», Дыгъэм и къэубэлэцыгъуэ-и гуащIэгъуэм ирихьэлIэу ди планетэр зыхъумэр, и пIэ ираш, и лъэщагъым пIалъэ-пIалъэкIэрэ кIэрагъэхуу.

Ауэ щыхъукIи, а къарум (щIым и щхьэфэмкIэ къедгъэзэкIыжынщи), нэхъ и лъабжьэIуэкIэ щыIэ пцIахуэ абрагъуэхэри (литосферэ плитахэр) зэщIегъэсысэ, я зэтеупIэщIыкIыпIэхэр зэпэIэщIэ ищIрэ зэми зэхуишэжу. Ар жаIащ Базиликэ и цIэр зезыхьэу Италием и Потенцо къалэм дэт университетым щылажьэ щIэныгъэлIхэм, Дыгъэм и гуащIэгъуэмрэ дыщыпсэу планетэм щIыр зэрыщызэщIэхъаемрэ зэрызэкIэлъыкIуэм гу лъата иужькIэ.

«ЩIыр хъеинымрэ щIыуэпсым къыщыхъу къэхъукъащIэ зэщымыщхъухэмрэ къызэрымыкIуэу япыщIагъэнкIэри хэтщ иужьрей лъэхъэнэм къэрал куэдым я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр хуабжьу зытепсэлъыхь «геофизикэ Iэщэр» дунейм къытрагъэхьэнкIэ зэрыхъунум, - къыхегъэщ Урысейм Зауэ хуэIухуэщIэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и лэжьакIуэ нэхъыжь Прохватилов Владимир. - Прессэм куэдрэ дыщрохьэлIэ «Урысейм, Китайм, Индием, Европэм, Пакистаным иужьрей лъэхъэнэм къыщыхъу къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм щIэдзапIэ яхуэхъуар США-м и Аляскэ штатым «HAARP» зыфIища и проектыр пхигъэкIын щыщIидза иужькIэщ» псалъэхэм. АрщхьэкIэ, а хъыбарым хуэдэхэм я пэжыпIэр зэхэгъэкIыным дэ иджыри дыхуэхьэзыркъым...».

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



Бажэмрэ Уашхэмрэ

НЫБЖЬЭГЪУ зимыIэж Бажэр зэгуэрым гъуэгу теуваурэ зыщIыпIэ кIуэрт. Абы зы Уашхэ къыхуэзащ. ФIэхъус зэрахри, псалъэ быдэ зратащ лIэжыхункIэ зэныбжьэгъуну икIи зэрыгъэ - пэжыну. А тIур гъуэгу тету здэкIуэм, зы джэд лIа къагъуэтащ.

- Иджы, Уашхэ, - жиIащ Бажэм, - сэ нэхъ сомэжалIэри мы джэд лIар сшхынщ.

- Хьэуэ, - идакъым Уашхэм, - уэрэ сэрэ хэт нэхъыжьми абы ишхынщ.

- Содэ ари, сыт гъэ укъыщалъхуар? - щIэупщIащ Бажэр.

- Сэ дунейр щымыджэмыпцIэу, щIылъэр щызэпцIагъащIэм сыкъалъхуащ, - жиIащ Уашхэм.

- Уэуэу мыгъуэ, - жиIэу къыщиудауэ магъ Бажэр.

- Сыт къэхъуар, Бажэ цIыкIу? - къеупщIащ Уашхэр.

- А зи гугъу пщIы щIы зэпцIагъащIэм си къуэ нэхъыщIэр щIэтIысыкIри итхьэлати, ар сигу къэбгъэкIыжауэ согъ, - жиIащ Бажэм.

- Абы щыгъуэ уэ унэхъыжьым пцIы хэлъкъым, джэд лIар уэ шхы, - жиIащ Уашхэм.

Апхуэдэу джэдыр Бажэм ишхащ.

- АтIэ ари хъунщ, - жиIэщ Уашхэми, Бажэмрэ абырэ гъуэгу здытеувэжащ.

КIуэм-лъейурэ, зы къаз лIа къагъуэтащ.

- АтIэ, Бажэжь цIыкIу, - жиIащ Уашхэм, - уэ къэдгъуэта джэдыр щыпшхакIэ, сэ мы къазыр сшхыпхъэщ.

- Iэгъу, ар дауэ хъун? - идакъым Бажэм. - Къазыр нэхъ инщ. Ауэ думыгъэщI-тIэ. Дегъауи дызэгурыгъаIуэ: уэрэ сэрэ хэт и адэр нэхъ лъагэу щытами, къазыр абы ишхынщ.

- Сэ си адэр уафэм щIэуэу щытащ, - жиIащ Уашхэм, абы нэхърэ нэхъ лъагэ Бажэм къыхуэмыгупсысын и гугъэу.

- Уа, Уашхэ цIыкIу, - къеупщIащ Бажэр, - а уи адэм и щхьэм хьэлъэ гуэр къытеуэу щытауэ жиIэжу зэхэпха?

- Зэхэсхащ! - жиIащ Уашхэм, абы къриkIуэнум емыгупсысу.

- АтIэ, ар си адэм и лъэнкIэпсым пылъу щыта дыжьын мывопцIэрт.

- АтIэ, абы щыгъуэ, уи адэр нэхъ лъагэу щытащ, къазри пхьащ, шхы, - жиIащ Уашхэм.

Бажэм къазыр ишхри, тIури гъуэгу здытеувэжащ. Жэщ хъуху гъуэгу тетауэ, мэз лъапэ гуэрым и деж зы мэл лIа къыщагъуэтащ.

- Уэлэхьэ, Бажэ цIыкIу, - жиIащ Уашхэм, - нобэ къэдгъуэта джэдри къазри уэ щыпшхакIэ, сэ мы мэлыр къыслъосым.

- Ауэ думыгъэщI, дыгъэжей, нэхъ пщIыхьэпIэфI зылъагъум мэлыр ишхынщ, - къигъуэтащ хьилагъэ Бажэ гуэрым.

- Хъунщ, - арэзы хъуащ Уашхэри.

Жеину гъуэлъыжахэщ. Ауэ махуэ псом мэжэлIа Уашхэм и жеин къэкIуакъым, зи ныбэ из Бажэр занщIэу Iурихащ.

Бажэр зэрыжейуэ, уашхэм мэлыр ишхри, Iэфlу жеящ.

Нэху къекIхэри Бажэр занщIэу къызэфIэтIысхьащ икIи щIэупщIащ:

- Сытхэр плъэгъуа, Уашхэ цIыкIу?

- Уэ плъэгъуар жыIэ, - идакъым Уашхэм.

Бажэм къыщIидзащ жиIэну:

- Сеуэри, хъаным и пхъум сылъыхъуа хуэдэт. Езы хъаныжьыр накIуэри фитонкIэ сишащ. Си щыкъу адэр щыхъанкIэ сигъэшхын игъуэтынтэкъэ? Езыр зыщIэс унэм ефэ-ешхэ къыщызэIуригъэхри, езымрэ сэрэ жьантIэм дытIысащ. Зэм джэдылыр къахь, зэм мэлылыр къахь. Зэрыпсэууэ гъэжьауэ къазхэр тепщэчкIэ къытрагъэувэ. Фадэр, шхын гъурхэр куэд дыдэщ, жызум нэгъунэ абы темылъа фIыгъуэ щыIэкъым. Мис апхуэдэу тхъэжыгъуэ ефэ-ешхэм сыхэсу пщIыхьэпIэу слъэгъуащ. КъэIуатэ иджы уэ плъэгъуар.

- Уэлэхьи, Бажэ цIыкIу, а жыпIа дыдэр пэжым, - жиIащ Уашхэм. - Сэ а уздыщIэса ефэ-ешхэм сынакIуэри, узэрытхъэр слъэгъуащ. А фи бжэм Iута щхьэхъумэхэм сынащIагъэхьакъым. Хъаным и бжэIупэ сэ схуэдэ Iуамыгъэхьэу къызжаIащ. Сэри, уэ жызумхэр, щынэлхэр къыпIурытIэтIу пшхыуэ щыслъагъум, занщIэу къыIузгъэзыкIри сыкъэкIуэжащ.

Уэри плъэгъуат дыгъуасэрей махуэ псом сызэрымышхар, сэ сымэхыу сыкъэсыжащ. «Тхьэ сыгъыIэ, апхуэдизу шхын IэфIхэр зыхузэблах Бажэм мэл псэхэлIэр пхуимышхын!» - жысIэри мэлыр сэ сшхащ, - жиIэри иухащ Уашхэм.

Бажэр зэIурыбзея фIэкIа, зыри къыфIигъэкIакъым. Мис абдежым щауахащ а тIум я зэныбжьэгъуныгъэр.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **4**. Быргуэ-быргуэ, быргуэ мыщэ, къуажищэ къызэптами, уэзмытын. **5**.Жэщи махуи кIэрахъуэ, а зы гъуэгуми темыкI. **6**.Бжэным и фэ бым-бым, башым и щхьэ бым-бу. **7**. КIэрахъуэ, хъурей, хьэлу лыIу зыхьэж. **9**. Быныр зыгъэгуфIэу мафIэр зыгъэункIыфI.

Къехыу: **1**. Адакъэ мыщу хьэщIэщ кIуэрей. **2**. Ди бадзэ гуп жыг щхьэкIэщ. **3**. Ди бжыхь джабэ хьэ дзэкъэрей кIэщIэсщ. **7**. Гъатхэ нагъыщэ, псэущхьэфI нэщэнэ. **8**. Бгырыпхыбгъуэ, лIыбгъуэ кIэщI.



ЖЭУАПХЭР:

ЕкIуэкIыу: **4**. Лъэмыж. **5**. Сыхьэт. **6**. Барэбан. **7**. Щхьэл. **9**. Тебэ.
Къехыу: **1**. Щхьэнтэ. **2**. Бжьэ. **3**. Шыпсыранэ. **7**. Щынэ. **8**. Чей.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ**.

Куэд щIащ глобусыр къызэрагупсысрэ

ЩЫIЭЩ хьэпшып, куэд дыдэ щIауэ къэдгъэсэбэпу, ауэ ар къэзыгупсысамрэ къызэрежьамрэ хэтщIыкIышхуэ щымыIэу. Къэтщтэнщ глобусыр. Хэт и цIэ абы епхар, сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэм ехьэлIа и къежьэкIар?! «Глобус» псалъэр латиныбзэм къытекIащ, «шар» жиIэу къокI. ЩIыр къызэрапщытэ Iэмал нэхъ нэщIыса дыдэщ. Абы меридианхэр, къэралхэр, щIыпIэхэм я зэхуаку дэлъ жыжьагъхэр - псори белджылыуэ къыщыгъэлъэгъуащ. Глобусыр куэдым къагъэсэбэп пэш кIуэцI ирагъэдахэуи, тыгъэуи ят. ЩыIэщ цIыху IэкIэ ящIа глобус дахэм доллар мелуани 5-м нэс щIитыну зигу пыкI. ЩIым е нэгъуэщI планетэхэм ямызакъуэу, уафэм и теплъэр зиIэ глобусхэри ящI. АбыкIэ тыншу къыпхуогъуэт вагъуэхэм я зэпэщылъыкIэр.

Япэу глобусым и моделыр ди эрэм ипэкIэ 150 гъэм пасэрей алыдж философ Малльский Кратет къыгупсысауэ хуагъэфащэ. «Одиссея» поэмэм куэдрэ едаIуэрти, абы хэта лIыхъужьыр зрикIуа лъагъуэхэр глобусым тридзэрт. Ар уи фIэщ пщIы хъунущ: илъэсищэ зыбжанэкIэ абы и пэ къихуэу, Пифагор жиIауэ щытащ ЩIыр зэрыхъурейр. ИужькIэ, Аристотель абы щыхьэт техъуэжащ, астрономием къэхутэныгъэхэр щригъэкIуэкIри.

1492 - 1494 гъэхэм я гугъу пщIымэ, ар Колумб и экспедицэр Америкэм зэрыщыIам и закъуэкъым тхыдэм къызэрыхэнар. А зэманым къежьащ глобус пэхъ пасэрей дыдэхэм ящыщ «Земное яблоко» зыфIащар. Уеблэмэ ди зэманми къэсащ ар. А глобусыр и IэрыкIщ нэмыцэ щIэныгъэлI Бехайм Мартин. ЯпэщIыкIэ ар миллиметри 507-рэ хъу ятIэ шарт. Иужьым щэкIкIэ къашхыхьыжри, полюситI, экватор, меридиан, хуабейкуэщIхэр (тропикхэр), Европэр, Азиер, Африкэр тращIыхьащ. КIэщIу жыпIэмэ, ЩIым теухуауэ ящIэу хъуар къыщагъэлъэгъуащ. «Земное яблоко» глобусыр щахъумэ Нюрнберг и лъэпкъ музейм.

XIX-нэ лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу глобусыр школхэм къыщагъэсэбэп хъуащ. Нэхъапэм ар пхъэ шарым тегъэпщIа тхылъымпIэ картэт. Иджырей глобусхэр нэхъыбэу къызыхащIыкIыр термопластикщ. Абы картэр тегъэпщIащ.

Дунейм щыцIэрыIуэ глобусхэр щыIэщ. 1987 гъэм ящIа «Глобус Мира» зи фIэщыгъэр метри 10 хъу, тонн 30 зи хьэлъагъ пхъэ сферэщ. Глобус кIуэцIым цIыху 600 йохуэ. Иджыпсту ар Италием щыIэщ. Дунейм щынэхъ ин дыдэ глобусым - «Эрта» - тонни 2,5 и хьэлъагъщ, метр I2,5-рэ и инагъщ. Ар Гиннес РекордхэмкIэ и тхылъым иратхащ. Глобусыр США-м щыIэщ. Жырым къыхэщIыкIащ метр 43-рэ зи лъагагъ, метр 37-рэ зи кIыхьагъ, тонн 70 зи хьэлъагъ «Унисфера» глобусыр. Ар Нью-Йорк, и зы паркым щыIэщ. Бостон щыIэщ къатищу зэтрагъэува абдж зэмыфэгъум къыхэщIыкIа «Маппариум» глобусыр. Абы и кIуэцIым лъэмыж ищIыхьащ.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Жьапщэ

Къопщэ
Папщэу,
Папщэу
Къопщэ.
Удзхэр,
Жыгхэр
Егъэсыс.
И накъырэм
Фийуэ йопщэ,
Зы дакъикъи
Тхущымыс.
И щхьэр
Хуарзэу
КърехьэкI,
Уеджэ щхьэкIи
КъемыплъэкI.

ЩОДЖЭН Леонид.

ИлъэсыщIэ

Жьы щIэмыту уэсыр къос.
СыщIэкIати -
Лъапщэм къос.
Пщэдейризэр зэрыдэкIыу
ИлъэсыщIэу нэху дыкъокIыр.
Сэ си Iуэхущ а илъэсыщIэм
Мамэ жиIэу хъуар
сымыщIэм.

КЪЭЖЭР Пётр.

Япэ уэс

Япэ уэсым щыгуфIыкIыу
Къуаргъхэм къалъэтыхь.
Iэжьэ цIыкIухэм,
щIэкIуэрыкIыу,
ДэнкIи къыщажыхь.

Си щхьэм щIыIэ хэмыхьэну,
ПыIэр къескъухащ.
Гуэщи уни, зы къэмынэу,
Я щхьэр къетхъухащ.

Ди мамыжьри,
жьэгъуэшхэжу,
Мис, гъущапIэм щIэсщ.
Хужь защIыну я гугъэжу
Къуаргъхэр уэсым хэсщ.

АФIЭУНЭ Лиуан.

Ди сабийхэм я гушыIэ

Идар илъэси 3 ныбжьым иту:

- Нанэ, сэ фIыуэ узолъагъу!
- Сыт сыкъыщIэплъагъур?
- Простэ так. УзэрыпщафIэм щхьэкIэ...

* * *

- Нанэ, сыкъэжьу, сыныбажэу сысымэджарэт.
- Сыт, Идар, апхуэдэу щIыжыпIэр?
- Садым сымыкIуэн щхьэкIэ.

* * *

Нанэ, адакъэм и кIапэр къыпыпчу идэрэ, цылъэпэд пщIынумэ?

* * *

И къуэш нэхъыжьым къигъэгубжьа Идар и нанэм хуотхьэусыхэ.
- Iэдэм, си нервыр икъутащ. Хэт мыр къэзыгупсысар? (Дэнэ къыздикIар жиIэну арагъэнт).

* * *

Садым кIуэну хуэмей Идар жеIэ:
- Нанэ, отпуск сиIэну?
- Уи мамэм щиIэм деж уэри зыбгъэпсэхунущ.
- АтIэ, пенсэм сыкIуэ хъуну?
- Абы щхьэкIэ дадэ ухъуху улэжьэн хуейщ. Идар, сыт пенсэм къикIыр?
- Унэм ущIэсыну аращ къикIыр.

* * *

- Идар, уи пэр къож, къакIуи сыгъэлъэщI.
- ГъуанитIымкIи къижрэ, нанэ?
- Къож тIумкIи.
- Зы гъуанэу ящIам хъунутэкъэ?!

* * *

- Нанэ, школым и директорыр бос?
- НтIэ.
- Псори иIэ?
- ИIэщ.
- Даже, морожнэ иIэ?

* * *

ТIалиб: - Сошынэ, зыгуэр си гъусэу фынакIуэ.
И адэм: - Уэздыгъэр щIэгъани аращ.
ТIалиб: - Шынагъуэр нэхъыфIу слъагъун щхьэкIи?

* * *

Анэм зигъэбзэмыIуу сабийхэм яжреIэ:
- ФынакIуи фыщхъэ.
- Сыт тщхъынур? - хъыджэбз нэхъыщIэр щIоупщIэ.
- Адыгэбзэмкlэ тхылъыр, - жеIэ нэхъыжьым.

Зыхуэзыхьэсар
ФЫРЭ Анфисэщ.

Гъуазджэм дихьэха пщащэ

Къармэ Лянэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дизайнымкIэ и колледжым реставрацэм щыхуоджэ. Гъуазджэм и щэхухэр къитIэщIын щIидзагъащIэми, езым и еплъыкIэ, и Iуэху бгъэдыхьэкIэ иIэ хъуащ. Сабиигъуэм къыщежьащ и IэщIагъэр:

- СЫЩЫЦIЫКIУМ художественнэ школым сызэрыкIуам и фIыгъэкIэ гъуазджэм и дунейр пасэу зыхэсщIащ. Курыт еджапIэр къыщызухым дахагъэ гуэр къэгъэщIыным зыщыхуэзгъэсэн еджапIэ къыхэсхыным тезухуат. А илъэсым дизайнымкIэ колледжым реставрацэмкIэ къудамэ къызэрыщызэIуахар. Университетым щылажьэ си адэм къызжиIати, куэдрэ сымыгупсысэу, абы сыкIуащ.

- Фызыхурагъаджэхэм укъытеувыIэмэ...

- Дызыхурагъаджэхэр нэгъуэщI IэщIагъэхэм хуагъэхьэзырхэр зэджэхэм зыкъомкIэ къыщхьэщокI. Ди деж щымащIэщ лекцэхэр, тхылъхэр. Дэ нэхъыбэу практикэщ диIэр. Анатомием, реставрацэм, сурэт щIыным, скульптурэм дыхуагъасэ Iэмал щIэщыгъуэхэмкIэ. Практикэр ди куэдщ. Япэ курсым дыщIэсыху куэду делэжьащ натюрмортым. ЕтIуанэ, ещанэ курсхэм анатомиер зыубгъуауэ, скульптурэр, цIыху сурэтхэр щIыным дыхуагъэсэным нэхъ елIэлIащ дезыгъаджэхэр. Практикэ гъэщIэгъуэн сыщыIащ Переславль-Залесский къалэм. Къыхэсха IэщIагъэм нэхъ IэкIуэлъакIуэ сыхуэхъунымкIэ, еджэным сытегушхуэнымкIэ ар сэбэп къысхуэхъуащ куэду.

Колледжыр къэзухмэ, адэкIи си IэщIагъэм хэзгъэхъуэну си мурадщ. Си анэм чэнджэщ къызет гъуазджэмкIэ еджапIэр къэзухмэ, етIуанэ IэщIагъэу нэгъуэщI зыгуэр къыхэсхыу сыхуеджэну. Ауэ сэ сызыхуеджэ дыдэрщ зыпысщэну сызэхъуапсэр. РеставрацэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэбгъэгъуэт факультетыщIи къыщызэIуахащ университетыми, абы сыкIуэ хъунущ.

- Лянэ, уэ IэпэIэсэнми удехьэх...

- Щыгъэ зэмыфэгъухэмкIэ, хьэпIацIэщыгъэмкIэ, дыжьын, дыщэ IуданэхэмкIэ хызодыкI. Псом хуэмыдэу сыдахьэх тхыпхъэхэм. Абы нэмыщI хьэпшып цIыкIухэри сщIыну сфIэфIщ: чысэхэр, къэлътмакъхэр, Iэпщэхъухэр, лэрыпсхэр, тхьэгъухэр. Сыт абыхэм сурэту е теплъэу ятепщIыхьыр жыпIэмэ, адыгэм къыдэгъуэгурыкIуа тхыпхъэхэрщ. Тхыпхъэхэм уи гупсысэхэр куэду зэхаухуанэ, ахэр бджыхукIэ телъыджэу яхэлъыр богъэщIагъуэ.

- Тхылъ уеджэну пфIэфI?

- Си адэр тхыдэджщ, тхылъхэр етх. ДызэрыцIыкIурэ тхылъхэр куэду ди унэм щIэлъщ. Ауэ тхыдэм теухуахэр сэ щIэзджыкIыркъым, сфIэгугъущ. Си анэми сытым дежи тхылъыр и Iэпэгъущ. Ахэр щапхъэ тхуохъу, щIэныгъэм хуэпабгъэ дыхъунымкIэ. Сэ нэхъ сызэджэр си IэщIагъэм къыщысхуэсэбэпхэрщ.

- СурэтыщIхэм хэт нэхъ уи гум дыхьэр?

- Адыгэ сурэтыщI телъыджэ СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр дуней дахэщ, хуабагъэ зыхэлъщ. Гъэмахуэм Налшык щекIуэкIащ абы и гъэлъэгъуэныгъэ зыбжанэ. Абыхэм сыщыIащ икIи лэжьыгъэхэм сеплъыху си псэр къулей зэращIыр зыхэсщIэу зысплъыхьащ. Сурэт, скульптурэ къэс философие гупсысэ къуат, гъащIэм и зэхэлъыкIэм, гуапагъэр зищIысым, фIым дрителъхьэу дунейм дытетын зэрыхуейм теухуауэ щIагъыбзэ щабэ ящIэлъщ.

Хуабжьу си гум ирохь «Эпоха возрождения» жыхуэтIэм щыщу итальян сурэтыщI телъыджэ Санти Рафаэль. Нидерланд сурэтыщI Ван Гог зыми емыщхь и лэжьыгъэхэр сфIэхьэлэмэтщ.

- Сурэту сытхэр пщIын нэхъ уфIэфI?

- Сэ нэхъыбэу къэрэндашкIэщ сурэтхэр зэрысщIыр. ЦIыху сурэти, натюрморти, щIыуэпсым и теплъэри сощI. Махуэ щIагъуэ дэмыкIыу сыпэрохьэ сурэт щIыным. Хьэзыр хъуар япэу зэзгъэлъагъур си шыпхъу Линэщ, сыту жыпIэмэ абы ехьэкI имыIэу къызжеIэ игу ирихьми иримыхьми. Си лэжьыгъэхэм яхэтщ си анэм псоми яхилъагъукI зыбжанэ. Ахэр щIыуэпсыр е унэхэм я теплъэхэр къыщызгъэлъэгъуарщ.

- Тхьэм уи мурадхэр къуигъэхъулIэ, Лянэ!

Епсэлъар
ГЪУЭТ Синэщ.

Шыпхъухэм я нэхъыфIщ

ЩIышылэм и 24-м къыщалъхуа махуэр егъэлъапIэ Джэрмэншык къуажэм щыщ Семэн (Ажахъуэ) Жаннэ. И шыпхъу нэхъыжьым псалъэ гуапэкIэ зыхуегъазэ и дэлъху нэхъыщIэ Ажахъуэ Артур:

«Си шыпхъу лъапIэ! Уи махуэшхуэр си щхьэусыгъуэу сыхуейт фIыуэ узэрыслъагъур, си гъащIэм пщIэ нэхъ зыхуэсщI цIыху гъунэгъуу узэрыхэтыр бжесIэну. Ди анэм упэтщIу, укъытхуэгумащIэрэ гупцIанэу укъызэрытщхьэщытым зэкъуэшищыр нэхъ быдэжу дызэкъуегъэувэ, ди анэр зимыгъусэж ди адэри нэхъ псэукIафIэ ещI.

Уи унагъуэм гуфIэгъуэр щыкуэду, Хьэсэнбийрэ уэрэ фи жьауэм щIэт Ислъам и насып лъагъуэм фриплъэу, илъэс куэдкIэ Алыхьым фызэкъуэту фигъэпсэу!

Адыгейм кIуэну загъэхьэзыр

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Дагъыстэным щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ щIыналъэхэм я бэнакIуэу 316-рэ, я ныбжькIэ илъэс 16-м щIимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIауэ Мэхъэчкъалэ щыIащ спортсмен 68-рэ икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр щызыIэрагъэхьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Хьэбылэ Идар (кг 32-рэ), ХьэщIэлI Нурдин (кг 38-рэ), Тэнащ Аслъэнбэч (кг 48-рэ), Балаев Алий (кг 52-рэ), ХьэпцIэ Самир (кг 57-рэ) сымэ.

Уэзынжокъуэ Казбек (кг 32-рэ), Дыкъынэ Руслан (кг 35-рэ), БжьыхьэлI Саид (кг 92-рэ) сымэ етIуанэ хъуахэщ.

Зыхэта гупхэм ещанэ щыхъуащ ГъуаплъащIэ Iэдэм (кг 35-рэ), Хьэкъул Къаплъэн (38-рэ), Бамбэт Андемыркъан (кг 44-рэ), Iэсхьэб Имам (52-рэ), Шыгъушх Инал (кг 62-рэ), Сэншокъуэ Ислъам (кг 68-рэ), Былымгъуэт Хъусен (кг 92-рэ), Щомахуэ Айдар (кг 100) сымэ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIищыр къыщызыхьахэр хэтынущ Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм гъатхэпэм и 20-м Адыгейм щекIуэкIыну зэпеуэм.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр №128
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.